

METROPLUSHEALTH MEMBER HANDBOOK



**METROPLUSHEALTH
CHILD HEALTH PLUS
MANYÈL ENFÒMASYON
POU MANM YO**

Vèsyon revize Avril 2023

MetroPlus Health Plan

Gid Referans Rapid

Sèvis Pou Manm MetroPlusHealth Yo **1-800-303-9626**
Liy Dirèk MetroPlusHealth Pou w Rele 24 sou 24 **1-800-442-2560**
Nimewo Telefòn TDD MetroPlus Health **1-800-881-2812**
Sit Entènèt MetroPlusHealth www.metroplus.org

Ki SA YON IJANS GRAV YE?

Men kèk egzanp:

Zo w kase, ou gen pwoblèm pou w respire, kriz (latranblad), w ap senyen anpil, ovèdoz medikaman, ou pèdi konsyans, yon pati nan kò w annik rete l rèd, gwo doulè nan lestomak, atak kè, konjesyon serebral.

Si w ansent: w ap senyen chouchoun, gwo doulè nan vant oswa kramp, ou kase lezo oswa dlo a ap koule.

SA POU W FÈ: Rele 911 oswa ale nan Ijans Lopital ki pi pre a, tousuit.

KI SA YON PWOBLÈM SANTE IJAN YE?

Men kèk egzanp:

Yon gwo pwoblèm sante ou pa bezwen al nan Ijans Lopital pou li: grip, zòrèy fè mal, gòj fè mal.

KISA POU W FÈ? Rele nan klinik doktè w ap suiv la soti Lendi pou rive Vandredi, soti 8:30 AM a 5:30 PM. Pou tout lòt lè yo, rele nan nimewo dirèk pou Swen Sante a ki ouvri 24 sou 24 ki mansyone pi wo a.

(Se New York City Health and Hospitals Corporation k ap jere MetroPlus Health Plan lan)



**FÒMILÈ EVALYASYON
SANTE KI FÈT CHAK
ANE POU MANM
METROPLUSHEALTH I
DI NOU KÒMAN
W YE.**

**TANPRI RANPLI TOUT EPI VOYE L TOUNEN BAN NOU NAN:
MetroPlus Health Plan • 50 Water Street • New York, NY 10004**

Non, siyati: _____ # ID Manm: _____

Adrès lapòs: _____

Telefòn: _____ Dat Nesans: _____ Wotè: ____ pye ____ pouz Pwa: ____ liv.

Lang Prefere: Anglè Espanyòl Chinwa Kreyòl Oudou Bengali Lòt: _____

Ras: Blan Amerendyen Otokton Alaska Azyatik Ameriken Nwa / Desandan Afriken

Otokton Awayi / Zile Pasifik De oswa Plis Ras Lòt: _____ Mwen p ap reponn

Orijin: Panyòl oswa Latino Pa Panyòl oswa Latino Mwen p ap reponn

An jeneral, èske w t ap di sante w: Ekselan Bon Pasab Pa bon

Èske w ta renmen nou rele w pou n ede w ak yon pwoblèm sante ijan? Wi Non

Èske ou gen yon doktè w ap suiv regilyèman? Wi Non

Si se wi, èske doktè w la te di w pou w kòmanse, oswa kenbe yon nivo egzèsis oswa aktivite fizik?
(pa egzanp, kòmanse monte ak desann eskalye, si w te konn mache pandan 10 minit, mache pou 20 minit
chak jou oswa kontinye nan pwogram egzèsis ou gen nan moman an)? Wi Non

Èske ou gen nenpòt nan maladi sa yo? Dyabèt Pwoblèm kè Tansyon wo Kansè

Pwoblèm respirasyon (opresyon oswa COPD) Pwoblèm memwa Pwoblèm tandé Pwoblèm vizyon

Pwoblèm mantal / emosyonèl Pa ka kenbe pipi VIH Pwoblèm dwòg oswa alkòl

Lòt pwoblèm medikal:

Konbyen medikaman diferan ou pran nan yon jounen? Okenn 1-3 4-7 8 oswa plis

Èske w bezwen èd pou w fè aktivite debaz yo (tankou abiye, benyen, manje, chita / leve sou yon chèz)?

Mwen ka fè sa a san m pa bezwen èd Mwen bezwen èd, e mwen jwenn èd mwen bezwen an

Mwen bezwen èd, e mwen pa jwenn èd mwen bezwen an

Èske w bezwen èd pou w fè travay nan kay, pran medikaman, al achte, jere lajan, fè manje, oswa transpò?

- Mwen ka fè sa a san m pa bezwen èd
 Mwen bezwen èd, e mwen jwenn èd mwen bezwen an Mwen bezwen èd, e mwen pa jwenn èd mwen bezwen an

Pandan 6 mwa ki sot pase yo, èske w pa t janm al kay doktè paske w pa t gen

mwayen pou w ale? Wi Non

Èske w te tonbe pandan 6 mwa ki sot pase yo? Wi Non

Èske gen yon moun nan lavi w ki fè w mal, menase w, fè w pè, oswa fè w santi w pa an sekirite?

- Wi Non Mwen Prefere pa reponn

Èske ou sèvi ak nenpòt nan bagay ki vin annapre yo:


- Baton Wòkè Chèz woulant Kabann lopital Oksijèn Souvètman pou pwoteksyon / Sèvyèt (Daypè granmoun)
 Lòt _____

Èske w gen doulè tanzantan oswa doulè san rete?

- Wi Non **Si se wi**, dat kòmansman: _____

Si se wi, ki kote ou gen doulè a? _____

Si se wi, make nivo doulè w genyen an la a:



Nan ki kondisyon w ap viv?

- Mwen gen yon kote fiks pou m viv Mwen gen yon kote fiks pou m viv pou kounye a, men mwen pè pou m pa pèdi l alavni
 Mwen pa gen yon kote fiks pou mwen rete (rete ak lòt moun pou yon ti tan, nan yon otèl, abri, viv deyò nan lari, sou yon plaj, nan yon machin, nan yon batiman ki abandone, bis oswa estasyon tren, plas publik, lòt)

Èske ou pè paske kote w ap viv nan moman fè w malad? (sa vle di gen mwazi, pinèz / rat, flit dlo, pa gen ase chalè, lòt)

- Wi Non Lòt: _____

Èske w ap resevwa èd publik nan moman an (Koupon pou w Achte Manje, Livrezon Manje, HEAP, EPIC, èd publik oswa lajan kach, elt.)? Wi Non Mwen pa konnen

Nan ane ki sot pase a, èske ou te pè pou manje w pa fini anvan w resevwa lajan pou w achte lòt?

- Wi Non Mwen Prefere pa reponn

Nan ane ki sot pase a, èske konpayi kouran, gaz, lwil, oswa dlo te menase w pou yo koupe sèvis yo lakay ou?

- Wi Non Mwen pa konnen

Èske ou fimen sigarèt, vapè (sigarèt elektwonik), oswa ou pran tabak? Nan moman an Anvan sa Jamè

Èske w te pran Vaksen Influenza (Vaksen kont grip) ane sa a? Wi Non Mwen pa konnen

Tanpri bay lis medikaman w yo (bay lis lòt medikaman yo nan yon lòt fèy, si gen lòt):

Non Medikaman an: _____

Dòz: _____

Chak kilè w pran l: _____

Non Medikaman an: _____

Dòz: _____

Chak kilè w pran l: _____

Non Medikaman an: _____

Dòz: _____

Chak kilè w pran l: _____

Non Medikaman an: _____

Dòz: _____

Chak kilè w pran l: _____

Lis medikaman (lis la kontinye - bay lis lòt medikaman nan yon lòt fèy, si gen lòt):

Non Medikaman an: _____ Dòz: _____ Chak kilè w pran I: _____
Non Medikaman an: _____ Dòz: _____ Chak kilè w pran I: _____
Non Medikaman an: _____ Dòz: _____ Chak kilè w pran I: _____
Non Medikaman an: _____ Dòz: _____ Chak kilè w pran I: _____



Nan 2 semèn ki sot pase yo, konbyen fwa sa te rive ou te gen yon ti enterè oswa plezi nan fè aktivite?

- Ditou Plizyè Jou
 Plis pase mwatye nan jou sa yo Prèske chak jou
Nan 2 semèn ki sot pase yo, konbyen fwa ou te santi w dekoraje, deprime oswa san espwa?
 Ditou Plizyè Jou
 Plis pase mwatye nan jou sa yo Prèske chak jou

SÈLMAN FI KI GEN 50 LANE E KI GEN MWENS PASE SA: Ou ansent? Wi Non Mwen pa konnen


SÈLMAN FI KI GEN ANT 50-74 LANE: Èske ou te fè yon mamografi (pou verifye si w gen kansè nan tete) ane sa a oswa ane pase? Wi Non Mwen pa konnen

SÈLMAN SA K GEN AN 50-75 LANE YO: Èske ou te fè tès ki vin annapre yo pou w verifye si w gen kansè kolon?

- Kolosnokopi (nan 10 lane ki sot pase yo) Sigmoidoskopi (nan 5 lane ki sot pase yo)
 Tès poupou pou san (nan ane ki sot pase a)

Èske ou gen nenpòt nan maladi sa yo?

- Enstriksyon ki bay alavans / Testaman Byolojik (yon dokiman ki di ki tretman medikal ou ta renmen si w pa ka pale pou tèt ou)
 Mandatè Swen Sante (yon moun ki ka pran desizyon sou swen sante pou ou, si w pa kapab)
 Non, men yo te diskite plan swen alavans avè m
 Non, epi yo pa t diskite plan swen alavans avè m mwen
 Non, men mwen ta renmen konn plis: Wi* Non
* Nou pral voye yon Fòmilè Enstriksyon ki bay alavans ak Mandatè Swen Sante ba ou.



TANPRI RANPLI TOUT EPI VOYE L TOUNEN BAN NOU NAN: MetroPlus Health Plan • 50 Water Street • 7th Floor • New York, NY 10004

Chè Manm Child Health Plus (CHPlus):

Tanpri, li enfòmasyon ENPÒTAN ki pi ba a konsènan asirans pou swen dan w lan. Enfòmasyon sa a ranplase enfòmasyon ki nan paj 15 manyèl enfòmasyon sa a.

Sèvis MetroPlus Health Plan lan kouvri

Swen Pou Dan

MetroPlus Health Plan kwè li bonjan swen pou dan w enpòtan pou swen sante w anjeneral. Nou bay swen dan grasa yon kontra nou siyen ak DentaQuest, yon espesyalis ki bay sèvis pou dan ki gen yon kalite wo nivo. Nan sèvis ki kouvri w ap jwenn sèvis pou dan nòmal ak sèvis pou yon tretman kay dantis tankou konsiltasyon pou dan pou fè prevansyon, netwayaj, radyografi, plonbaj ak lòt sèvis pou verifye si gen chanjman ki fêt nan eta dan w oswa si gen yon pwoblèm ki ka mande tretman ak/oswa randevou. *Ou pa bezwen yon referans nan men doktè jeneralis ou a pou w al kay dantis!*

Fason pou w Jwen Sèvis Pou Dan w:

MetroPlusHealth siyen kontra ak DentaQuest pou l bay sèvis pou dan yo. DentaQuest gen klinik pou swen dan ki gen kontra avè yo ki nan domèn ki gen rapò ak dan, dan titoun, operasyon nan bouch, maladi nan jansiv, ak espesyalis pou ranje dan. Rele DentaQuest nan 1-844-284-8819 pou w chwazi yon dantis ki bay swen jeneral. Ou ka jwenn yon lis dantis ki gen kontra avè nou nan Lis Founisè w la, sou entènèt nan www.metroplus.org, oswa ou ka rele Sèvis Kliyan MetroPlusHealth la nan 1-800-303-9626 pou w mande yon lis. Ou ka toujou chanje dantis ki bay swen jeneral pou dan w ap suiv la. Rele dantis ki bay swen jeneral pou dan w ap suiv nan moman an pou w mande 1 si 1 gen kontra ak DentaQuest.

- Si w bezwen jwenn yon dantis oswa chanje dantis ki bay swen jeneral pou da w ap suiv la, tanpri rele DentaQuest nan 1-844-284-8819 oswa MetroPlus Health Plan nan 1-800-303-9626. Reprezantan Sèvis Kliyan yo la pou ede w. Anpil nan yo pale lang ou pale a.
- Montre kat Idantifikasiyon Manm ou a pou w ka resevwa sèvis pou dan w. Ou p ap resevwa yon kat Idantifikasiyon pou sèvis swen dan apa. Lè w al kay dantis ki bay swen dan jeneral ou a, ou ta dwe montre kat Idantifikasiyon asirans ou a.
- Ou ka ale nan yon klinik ki bay swen dan yon akademi swen dan ap dirije san w pa gen yon referans. Rele Liy Dirèk Eta Nouyòk la nan 800-541-2831 e y ap voye yon lis "dantis ki nan zòn ou rete a" pou ou."



Asirans Maladi Eta Nouyòk bay pou Kimoun

Child Health Plus

Kontra Manm

Mèsi dèské w chwazi MetroPlus Health Plan. Ti liv sa a gen Kontra Child Health Plus ou genyen ak Asirans Maladi Metropoles la ansanm ak lòt enfòmasyon konsènan Asirans lan k ap ede w byen pwofite avantaj ki vin ak Child Health Plus ou a. Tanpri, pran san w pou w li 1 byen.

METROPLUS CHILD HEALTH PLUS KONTRA MANM

PATI I nan ti liv sa a se Kontra Child Health Plus ou gen ak MetroPlus Health Plan lan. Li ba w dwa ak avantaj ki dekri nan Kontra a. Asirans lan kòmanse nan dat ofisyèl ki sou kat idantifikasiyon w lan. Kontra sa a ap kontinye amwenske yo anile l pou nenpòt nan rezon ki mansyone nan Kontra a.

Avi Konsènan Dwa w Genyen Pandan 10 Jou pou w Analize Kontra a

Ou gen dwa pou w voye Kontra sa a tounen. Pran san w pou w byen analize l. Ou ka voye l tounen epi mande nou pou nou anile l. Ou dwe fè demann nan pa ekri nan espas 10 jou apre w fin resevwa Kontra sa a. N ap remèt ou nenpòt lajan w te peye pou asirans lan. Si w voye kontra sa a tounen, nou p ap ba w okenn avantaj ki nan asirans lan.

AVI ENPÒTAN:

Se Doktè Jeneralis w ap suiv la ki dwe bay, fè aranjman oswa bay otorizasyon pou w jwenn tout sèvis ki nan Kontra sa a. Ou dwe kontakte Doktè Jeneralis w ap suiv la alavans pou w ka resevwa avantaj yo, sof si w al lopital pou w jwenn swen ann ijans, swen ki dekri nan Seksyon Sèt la, kèk swen kay jinekològ ki dekri nan Seksyon Kat la, ak swen pou je ak dan ki dekri nan Seksyon Sis nan Kontra sa a.

Echantiyon Kontra Enskripsiyon nan Child Health Plus

1^{re} Janvye 2023

Nouvo kontra sa a pote chanjman nan kontra enskripsiyon w lan lè 1 ajoute avantaj ki vin annapre yo:

Sèvis Tretman Efikas Ki Disponib nan Kominote a. N ap peye pou Sèvis Tretman Efikas Ki Disponib nan Kominote a (Assertive Community Treatment Services, ACT), ACT pou Jèn Moun Ki Majè ak ACT pou Adolesan. Referans lan dwe sòti nan men yon doktè oswa yon lòt founisè k ap evolye nan pratik gerizon ki gen lisans pou sa a, nan domèn yo ye a, daprè Lwa Eta a, pou yon rediksyon maskimòm nan andikap fizik oswa entèlektyèl epi mete benefisyè a nan yon pi bon nivo ki pèmèt li fonksyone ankò.

Zouti Medikal. N ap peye pou Zouti Medikal yon founisè te kòmande pou trete yon pwoblèm sante presi e moun ka konsome, ki pa ka itilize yon dezyèm fwa, yo ka jete e ki pou yon objektif presi e an jeneral ki pa gen okenn posibilite pou repare l.

Sèvis pou Ranje Dan pou yon Pwoblèm Dan ki Defòme ki Grav. N ap peye pou sèvis pou ranje dan pou yon pwoblèm dan ki defòme ki grav. Li obligatwa pou gen yon otorizasyon alavans pou sèvis pou ranje dan an. Sèvis yo gen ladan yo swen pou dan ki defòme yon fason grav ki fèt yon sèl fwa nan tout lavi manm ki kalifye a yo pral rambouse l pandan yon maksimòm twa lane swen pou ranje dan, ak yon ane swen pou travay ki fèt la ka pa deranje. Lòt tretman ki fèt si pwoblèm nan retounen, pa kouvri. Dwe gen apwobasyon pou tretman an epi terapi aktif la dwe kòmanse (aparèy yo mete e ki aktive) anvan mamm nan gen 19 lane.

Sèvis Avyon Anbilans. N ap peye pou sèvis avyon anbilans pou maladi oswa eta sante ki grav anpil, ki mete lavi moun nan an danje; transpò rapid nesesè pou diminye danje lanmò ki prezante oswa si eta pasyan an ap vin pi grav; transpò ki pase atè pa apwopriye pou pasyan an; oswa materyèl pou sove lavi ak swen medikal avanse nesesè pandan transpò a.

Transpò pou fè deplasman sot nan yon batiman al nan yon lòt. N ap peye pou transpò ki pase atè pou sot nan yon batiman al nan yon lòt lè sèvis sa yo se transpò ijan. Sa gen ladan l transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sant Sikyatri; transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sant Twoma/Swen pou pwoblèm Kè/Kote yo mete moun ki boule; transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Sal Ijans ak transpò pou sòti nan yon Sal Ijans pou ale nan yon Lòt Batiman. Otorizasyon alavans pa obligatwa.

Sèvis Sipò ak Tretman Pou Timoun ak Fanmi. N ap peye pou Sèvis Sipò Ak Tretman pou Timoun ak Fanmi. Sèvis sa yo ka disponib nan kominité kote timoun/adolesan ap viv, al lekòl ak/oswa patisipe nan sèvis yo. Sèvis yo gen ladan: Sèvis Lòt Pwofesyonèl ki gen Lisans (OLP) bay, Entèvansyon lè gen ijans, Sipò ak Tretman nan domèn Sikyatri ki disponib nan Kominote a (CPST), Sèvis Reyadaptasyon Sikolojik, Sèvis Sipò pou Fanmi nan men moun ki nan menm pozisyon an, Sipò pou Adolesan nan men jèn ki nan mem sitiayson an.

Sèvis Debaz Ki Gen Rapò ak Limitasyon Sante. N ap peye pou Sèvis ki gen Rapò ak Sante Debaz ki Limite nan yon Ajans Plasman Familyal Volontè (VFCA)/Etabliman Sante 29-I) Sèvis sante ak swen sante pou konpòtman dwe respekte prensip rezonab e ki akseptab pou pratik nan domèn sante yo jan Eta a deside pou sa fèt daprè òganizasyon sante moun konnen. Sèvis yo gen ladan yo senk Sèvis Debaz Ki Gen Rapò ak Limitasyon Sante ki vin annapre yo: Sèvis ranfòsman konpetans; Sèvis Enfimyè; Planifikasyon Tretman ak Planifikasyon pou moun nan kite lopital la; Sèvis konsiltasyon/sipèviziyon klinik ak Lyezon/Responsab VFCA Child Health Plus.

Mizajou nan Kontra Manm CHPlus la

Sèvis yo bay lè moun nan entène e l pa ret anpil tan pou l viv:

Sèvis yo bay lè moun nan entène e l pa ret anpil tan pou l viv la ak swen pou ede l yo konsantre sou jere doulè ak sentom ki gen rapò ak maladi ki rive nan dènye faz yo ak pwoblèm ki gen rapò ak sa a. N ap peye pou sèvis gerizon ak sipò doktè di ki nesesè e ki fè pati sèvis asirans lan kouvrí pou timoun ki gen 21 lane pou pi plis ki nan swen yo bay pou moun ki pa ret anpil tan pou yo viv e yon doktè konfime li nan dènye faz la, e l ret sis mwa oswa mwens tan pou l viv; kèlkeswa kote l ap resevwa sèvis la.

MetroPlusHealth ap kouvrí swen ak sipò yo bay lè moun nan prèske mouri pou yon timoun ki ranpli kondisyon pou bezwen espesyal yo genyen akoz strès nan domèn fizik, sikolojik, spirityèl ak ekonomik, yon strès li ka genyen pandan dènye faz maladi a e pandan moun nan ap mouri a ak nan peryòd dèy la. Epitou, manm fanmi an kalifye pou senk vizit ak yon terapis ki bay sèvis pou moun ki an dèy.

Seksyon 2302 ki nan Lwa Sou Swen Abòdab la ki rele, "Swen An Menm Tan Pou Timoun" nan, chanje seksyon 1905(0)(1) ak 2110(a)(23) Lwa Sou Sekirite Sosyal la, lè l retire entèdiksyon pou timoun ki kalifye pou Pwogram Asirans Maladi Pou Timoun (CHIP) a, pou yo pa resevwa tretman gerizon pou yon maladi ki rive nan dènye faz lè yo chwazi avantaj pou swen yo bay pou moun ki pa ret anpil tan pou yo viv. Nouvo dispozisyon an fè eta yo obligasyon pou yo mete sèvis nan kad swen yo bay pou moun ki pa ret anpil tan pou yo viv la pou timoun san yo pa refize yo nenpòt lòt sèvis timoun CHIP bay timoun nan dwa resevwa pou tretman maladi ki nan dènye faz.

Pwogram sèvis yo bay nan kad swen pou moun ki pa ret anpil tan pou yo viv yo dwe konfime yon fason ofisyèl ann amoni ak Atik 40 nan Lwa Sou Sante Biblik nan Eta Nouyòk. Se anplwaye ak benevòl kalifye ki fè pati pwogram pou swen yo bay pou moun ki entène e ki pa ret anpil tan pou yo viv yo oswa anplwaye ki kalifye ki dwe bay tout swen yo grasa aranjman sou baz kontra nan nivo gouvènman federal la pèmèt sa a ak kondisyon eta a met sou pye.

Maladi Otis. N ap kouvri sèvis ki annapre yo lè se yon doktè lisansye oswa sikològ lisansye ki gen kontra avè nou ki bay sèvis sa yo e nou deside gen Bonjan Rezon Medikal pou yo te bay sèvis evalyasyon, pou fè dyagnostik, ak tretman pou otis. Pou w ka konprann [seksyon] sa a, "maladi otis" la vle di yon andikap jeneral nan devlòpman ki defini nan dènye edisyon Manyèl Enfòmasyon sou Dyagnostik ak Statistik Pwooblèm Mantal nan moman y ap bay sèvis la, sa gen ladan 1 maladi otis; andikap Asperger a; andikap Rett la; andikap ki anpeche timoun nan entegre 1; ak andikap nan devlòpman ki jeneral yo pa dekri lòt jan (PDD-NOS).

1. Konsiltasyon ak Dyagnostik N ap kouvri sèvis konsiltasyon, evalyasyon, ak egzamen ki fèt pou gade si yon moun fè maladi otis.

2. Aparèy Ki Ede Moun Kominike N ap kouvri yon evalyasyon ofisèl yon espesyalis ki ede moun devlope langaj yopou yo gade si w bezwen yon aparèy pou ede w kominike. Dapre rezulta evalyasyon ofisyèl la, n ap kouvri depans ki fèt pou lwe oswa achte yon aparèy ki ede moun kominike lè se yon doktè lisansye oswa yon sikològ lisansye ki kòmande l oswa bay preskripsiyan pou achte 1 pou manm ki pa ka kominike pa mwayen nòmal yo (sa vle di, pale oswa ekri), lè evalyasyon an montre yon aparèy ki ede moun kominike ap pi fasil ede manm nan amelyore fason 1 kominike. Pami aparèy ki ede moun kominike yo w ap jwenn tablo kominikasyon ak aparèy moun nan ka fè pale. Asirans nou an gen limit pou aparèy ki la pou sa yo; n ap kouvri aparèy ki pa itil yon moun ki, an jeneral, pa gen pwoblèm kominikasyon. N ap deside si se achte oswa lwe pou w lwe aparèy la. Nou p ap kouvri bagay tankou, laptòp, òdinatè biwo, oswa tablèt ki tankou òdinatè, gen lòt nou pa mansyone nan egzanp sa yo. Men, n ap kouvri lojisyèl ak oswa aplikasyon ki pèmèt yon laptòp, òdinatè biwo, oswa tablèt ki tankou òdinatè pou yo fonksyone tankou yon aparèy moun nan ka fè pale. Nou p ap remèt kòb pou pwogram ak/oswa sipò teknik ki te fèt apa. N ap kouvri reparasyon ak ranplasman aparèy sa yo si yo gate poukонт yo. Nou p ap kouvri reparasyon ak ranplasman ki vin nesesè akoz aparèy la pèdi oswa li kraze si moun nan te mal sèvi avè l, maltrete l, oswa yo vòlè l; men, n ap kouvri ranplasman oswa reparasyon ki nesesè akoz pwoblèm mantal. N ap kouvri aparèy ki plis adapte ak nivo kapasite manm nan pou 1 fonksyone nan moman an. Nou p ap kouvri lòt depans pou materyèl oswa lòt bagay ki pa Nesesè pou Sante. Nou p ap kouvri kòb ou peye pou livrezon oswa sèvis oswa lòt reparasyon nòmal. Ou dwe gen yon otorizasyon alavans pou aparèy ki ede moun kominike a. Al gade fason pou w jwenn otorizasyon alavans lan nan Kontra w la.

3. Tretman pou sante nan domèn konpòtman. N ap kouvri pwogram terapi ak tretman ki nesesè pou devlope, kenbe, oswa trete, nan nivo sa posib, kapasite yon moun gen pou 1 fonksyone. N ap kouvri sèvis sa a lè se yon espesyalis lisansye ki bay li. N ap kouvri konsiltasyon pou verifye konpòtman lè se yon espesyalis nan domèn konpòtman ki fè 1 e ki gen sètifica ann amoni ak Behavior Analyst Certification Board oswa yon moun ki anba sipeviziyon yon espesyalis nan domèn konpòtman ki gen sètifica e ki anba règleman New York Department of Financial Services

an kolaborasyon ak New York Departments of Health and Education. "Analiz Konpòtman Aplike" vle di kreyasyon, aplikasyon, ak evalayson chanjman ki fèt nan anviwònman an, grasa motivasyon ak konsekans, pou pèmèt gen gwo amelyorasyon nan konpòtman moun, sa gen ladan 1 pou yo sèvi ak obsèvasyon dirèk, fè evalyasyon, ak analiz fonksyònman relasyon

ki gen ant anviwònman an ak konpòtman. Pwogram tretman dwe bay detay sou objektif k ap pèmèt nou wè pwogrè yo k ap rezoud pwoblèm nan ak pwoblèm ki anpeche moun nan fonksyone ki fè l bezwen tretman an e li dwe gen objektif ki nan yon evalyasyon ki te fèt déjà ak evalyasyon ki gen pou fèt pandan peryòd tretman an ap dire a sou fòm objektif ak delè ki ka mezire. Asirans nou bay pou analiz konpòtman aplike a bay 680 èdtan, pou pi plis, pou chak Manm pa ane.

4. Swen Sikyat ak Sikològ bay. Nou kouvri sèvis dirèk oswa konsiltasyon kay yo sikyat, sikològ, oswa yon travayè sosyal klinik ki lisansye nan eta a l ap travay la.

5. Swen Terapi. Nou kouvri sèvis ki nesesè pou devlope, kenbe, oswa geri, nan nivo ki posib la, kapasite pou yon moun fonksyone lè se yon terapis ki ede moun ak langaj yo, terapis ki ede moun retounen nan aktivite yo, terapis fizik, ak yon travavayè sosyal ki trete otis ki bay sèvis sa yo, ak lè sèvis sa yo espesyalis sa yo bay kouvri yon lòt fason nan Kontra sa a. Sèvis ki bay daprè sa k ekri nan paragraf sa a dwe fè pati nenpòt kantite konsiltasyon maksimòm ki koresponn ak sèvis terapis oswa travayè sosyal sa yo ann amoni ak sa k ekri nan Kontra sa a, sof si lalwa ta entèdi sa.

6. Famasi. Nou kouvri medikaman sou preskripsyon yon espesyalis ki gen otorizasyon legal pou sa preskri pou trete maladi otis ann amoni ak atik uit nan Lwa Edikasyon an. Asirans kou bay pou medikaman sa yo dwe respekte tout kondisyon, dispozisyon, ak restriksyon ki koresponn ak asirans pou preskripsyon medikaman ki nan Kontra w la. N ap kouvri nenpòt sèvis oswa tretman ki dekri pi wo a lè yo bay sèvis oswa tretman sa yo nan kad yon plan edikasyon ki koresponn espesyalman ak moun nan daprè Lwa sou Edikasyon an.

Chanjman nan CHPlus pou Ekipman ak Materyèl Pou Dechè K ap Sot Nan Kò a

Ofisyèl depi 1^{ye} me 2015

N ap peye pou ekipman ak materyèl pou dechè k ap sot nan kò a lè yon espesyalis ki gen otorizasyon legal pou sa bay preskripsyon an ann amoni ak atik uit nan Lwa Edikasyon an.

**LIS SIJÈ KI LADAN L
KONTRA MANM OU AN**

PATI I

Seksyon 1	Entwodiksyon	0
Seksyon 2	Moun ki Kouvri	3
Seksyon 3	Swen Lopital.....	4
Seksyon 4	Sèvis Medikal	6
Seksyon 5	Swen pou ijans Grav.....	9
Seksyon 6	Sèvis Pou Pwoblèm Sante Mantal ak Konsomasyon Dwòg	10
Seksyon 7	Lòt Sèvis ki Kouvri.....	10
Seksyon 8	Lòt Enfòmasyon Konsènan Fason Plan an Mache	18
Seksyon 9	Restriksyon ak Entèdiksyon	20
Seksyon 10	Tarif pou Kontra Sa A	23
Seksyon 11	Anilasyon Asirans.....	24
Seksyon 12	Desizyon ak Plent	25
Seksyon 13	Dispozisyon Jeneral	33

**PATI II ENFÒMASYON AK SÈVIS ESPESYAL
METROPLUSHEALTH**

A	Sa MetroPlus Health Plan lan ye	35
B	Kòmanse ak MetroPlusHealth	35
C	Responsablite Manm Nan.....	36
D	Ijans Ak Swen Ann Ijans	36
E	Jwenn Swen Nan Sityasyon Espesyal	37
F	Analiz nan kad Itilizasyon	39
G	Jwenn èd nan men sèvis manm nou an.....	40
H	Èd Pou Manm Ki Pa Pale Anglè Ak Sa K Gen Pwoblèm Pou Yo Tande Oswa Pou Yo Wè Yo.....	41
I	Prevansyon Magouy	41
J	Office of Professional Medical Conduct	42
K	Kontribisyon Manm Nan Pote Nan Règleman Ak Pwosedì Nou Yo.....	42
L	Metòd Pèman Founisè yo	42
M	Lòt Enfòmasyon Ki Disponib Pou Ou Si W Mande Yo	42
N	Lis Dwa w Genyen Antanke yon Manm MetroPlusHealth.....	43
O	Nimewo Telefòn Enpòtan.....	44

PATI I

KONTRA MANM OU AN

SEKSYON EN - ENTWODIKSYON

1. **Pwogram Child Health Plus.** Nou fè Kontra sa a nan kad yon pwogram espesyal Ministè Sante Eta Nouyòk (DOH) mete sou pye pou bay sibvansyon pou asirans maladi pou timoun nan Eta Nouyòk ki pa gen asirans. MetroPlus Health Plan lan ap enskri w nan pwogram Child Health Plus la si w ranpli kondisyon kalifikasyon Eta Nouyòk mete sou pye yo e ou gen dwa resewa sèvis swen sante ki dekri nan Kontra sa a. Ou menm ak/oswa gramoun ki responsab ou a, jan sa mansyone nan aplikasyon an, dwe fè nou konnen nenpòt chanjman nan stati w, tankou kote w abite, revni w, oswa lòt asirans maladi, ki ka fè w pa kalifye pou w enskri nan Child Health Plus la, nan espas 60 jou apre chanjman sa a.
2. **Swen Sante Atravè yon HMO.** Kontra sa bay asirans atravè MetroPlus Health Plan, ki se yon òganizasyon ki ede moun jere sante yo. Nan yon HMO, tout swen yo bay yo dwe gen bon rezon medikal pou sa e se doktè jeneralis (PCP) w ap suiv la ki dwe bay, fè aranjman oswa bay otorizasyon alavans pou sa. Sof pou sèvis ou resevwa nan Ijans lopital, kèk sèvis nan men jinekològ, swen pou je ak dan, nou pa kouvri sèvis ou resevwa sa w pa t gen otorizasyon doktè jeneralis (PCP) w la. Epitou, nou kouvri swen w resevwa nan men yon Espesyalis ki gen kontra avè nou sèlman, sof pou swen w resevwa nan ijans lopital oswa lè PCP w la refere w bay yon Espesyalis ki pa nan rezo a e fòk MetroPlusHealth bay otorizasyon pou sa.
3. **Chwazi yon Doktè Jeneralis oswa PCP.** Se responsabilite w pou w chwazi yon PCP nan lis PCP MetroPlus Health Plan lan lè w enskri nan asirans sa a. Lis la gen yon nimewo telefòn pou w rele pou w mande si klinik la ap aksepte nouvo pasyan. Ou ka rele Sèvis Kliyan MetroPlusHealth la gratis nan **1-800-303-9626** pou w chanje PCP w la. PCP w chwazi a rele "PCP w" nan tout Kontra sa a.
3. **MoNou Itilize.** Nan tout Kontra sa a lè w wè "nou", "nou menm" oswa "pa nou", sa vle di MetroPlus Health Plan. Lè w wè mo "you", "ou menm" oswa "pa w", sa vle di se ou men, moun ki met timoun nan sou Kontra sa a ak moun ki gen non l sou kat idantifikasiyon an.

4. **Definisyon.** Definisyon annapre yo koresponn ak Kontra sa a:

- A. **Kontra** vle di dokiman. Se antant legal ant ou menm avè nou. Met Kontra sa a ansanm ak papye enpòtan w yo pou w ka jwenn li lè w bezwen l.
- B. **Ijans Grav** se yon kondisyon medikal oswa nan nivo konpòtman, ki rive sanzatann, e ki prezante tankou sentom ki grav, tankou gwo doulè, yon moun ki pa gen gwo konesans nan domèn medsin ak sante, ta ka atann li, yon fason rezonab, pou rezulta ki annapre yo rive si l pa al wè doktè tousuit: (A) lavi moun ki nan kondisyon an danje anpil, oswa sitisyasyon ki lakoz pwoblèm nan nivo konpòtman an ka met lavi moun nan oswa lavi lòt moun nan gwo danje, oswa (B) moun sa a vin gen gwo pwoblèm pou kò l kontinye fonksyone nòmal; oswa (C) vin gen pwoblèm grav nan nivo nenpòt ògàn oswa pati nan kò moun sa a; oswa (D) moun sa vin defigire yon fason ki grav anpil.
- C. **Sèvis Pou Ijans Grav** vle di sèvis doktè oswa lopital san w pa entène pou yo ka trete yon Pwoblèm Sante ki rive Sanzatann.
- D. **Lopital** vle di lopital ki bay swen jeneral, ki pa dire anpil tan, pou pwoblèm grav, lopital ki:
 - gen kòm misyon prensipal pou 1 bay swen pou moun ki entène, sèvis dyagnostik ak terapi pou dyagnostik, tretman ak swen pou moun ki blese oswa malad, anba sipèvizyon yon doktè ki toujou la;
 - gen depatman ki òganize pou medsin ak gwo operasyon;
 - gen kòm kondisyon pou chak pasyan dwe gen yon doktè oswa yon espesyalis pou swen dan k ap ba 1 swen;
 - bay swen enfimyè 24 sou 24 oswa anba sipèvizyon yon enfimyè lisansye (R.N.);
 - si se nan Eta Nouyòk li ye, li gen yon plan pou moun ki entène lopital la ki sou pye k ap aplike sou tout pasyan ki ranpli kondisyon ki dekri nan Seksyon 1861 (k) nan Lwa Piblik Etazini 89-97 (42 USCA 1395x[k]);
 - gen bonjan lisans ki soti nan ajans ki responsab pou bay lopital konsa lisans; epi
 - li pa, sof yon lè konsa, yon kote pou moun repoze, yon kote yo fè tretman pou tibèkiloz, yon kote pou pran swen ti granmoun,

yon kote yo ede moun ki depann de dwòg, moun ki alkolik, oswa yon kote pou moun reprann yo apre yon maladi, kote yo gade moun, kote yo bay moun edikasyon oswa swen pou ede moun nan reprann aktivite l.

- E. **Nesesè pou Sante** koresponn ak sèvis ak pwodui nesesè pou fè prevansyon, fè dyagnostik, korije oswa trete pwoblèm yon moun genyen ki lakoz li nan gwo soufrans, ki mete lavi l an danje, ki lakoz maladi oswa andikap, ki anpeche moun sa a pou l gen kapasite pou l regle aktivite nòmal li, oswa ki ka fè l gen gwo andikap. Sèvis sa yo dwe (1) gen rapò ak sentom oswa dyagnostik ak tretman pou pwoblèm, maladi, enfeksyon oswa blesi manm nan genyen an; (2) respekte prensip ki tabli nan domèn medikal, moun ki nan kominate medikal rekonèt ak aksepte; (3) se pa annik fason l pi bon pou manm nan, espesyalis li a, kontraktè a, oswa lòt espesyalis nan domèn sante; epi (4) si moun nan ta vin entène, Nesesè pou Sante dwe vle di tou yo pa t ka bay moun nan bonjan swen si yo pa t entène l oswa si l te yon kote y ap ba l tretman ki gen mwens materyèl.
- F. **Lopital ki gen Kontra** avè nou vle di yon Lopital ki gen kontra avè nou pou l bay manm nou yo sèvis asirans nou an kouvri yo.
- G. **Famasi ki gen Kontra** avè nou vle di yon famasi ki gen kontra avè nou pou l bay manm nou yo sèvis asirans nou an kouvri yo.
- H. **Doktè ki gen Kontra** avè nou vle di yon doktè ki gen kontra avè nou pou l bay manm nou yo sèvis asirans nou an kouvri yo.
- I. **Espesyalis ki gen Kontra** avè nou vle di nenpòt Doktè, dantis oswa yon pwofesyonèl lasante ki lisansye, yon lopital, yon ajans ki bay swen kay moun, yon laboratwa, yon famasi, owa lòt etablisman, ki gen kontra avè nou pou l bay manm nou yo sèvis asirans nou an kouvri yo.
- J. **Espesyalis ki pa gen Kontra** avè nou vle di yon espesyalis ki pa gen kontra avè nou pou l bay manm nou yo sèvis asirans nou an kouvri yo. Nou p ap peye pou sèvis swen sante yon Espesyalis ki pa gen Kontra avè nou bay sof si se yon ijans oswa lè doktè jeneralis w ap suiv la voye w al wè yon Espesyalis ki pa nan rezo nou an e nou bay otozizasyon nou.

- K. **Tarif pou asirans** vle di lajan w peye pou asirans maladi a. Eta Nouyòk ap peye tout oswa yon pati nan tarif pou asirans ou a; sa ka rive ou peye yon pati nan kòb la, sa depan de revni w. (Gade Seksyon 9 la pou w jwenn plis enfòmasyon.)
- L. **Doktè Jeneralis ("PCP")** vle di yon Espesyalis ki gen Kontra avè nou (doktè oswa enfimyè ki resevwa fòmasyon pou l trete kèk pwoblèm medikal) ou chwazi lè w enskri, oswa ou chanje apre sa annamoni ak règleman nou yo, e ki bay oswa fè aranjman pou tout sèvis pou swen sante w nou kouvri yo.
- M. **Zòn nou Bay Sèvis** koresponn ak awondisman annapre yo: Manhattan, Bronx, Queens, ak Brooklyn. Ou dwe abite nan Zòn nou Bay Sèvis la pou w gen asirans dapre Kontra sa a.

SEKSYON DE - MOUN KI KOUVRI

1. **Moun ki Kouvri Dapre Kontra sa a.** Kontra sa a kouvri w si w ranpli tout kondisyon ki annapre yo:
 - Ou gen 19 lane oswa mwens.
 - Ou pa gen lòt asirans maladi.
 - Ou pa kalifye pou Medicaid.
 - Ou abite nan Eta Nouyòk e w abite nan Zòn nou Bay Sèvis la.
2. **Renouvelman.** N ap analize dosye asirans ou a pou nou gade si w ranpli kondisyon pou w kalifye nan Child Health Plus. Chak peryòd ou dwe voye yon nouvo aplikasyon ba nou pou nou ka gade si w toujou ranpli kondisyon pou w kalifye yo. Pwosesis sa a rele "**renouvelman**". Si gen plis pase yon timoun nan fanmi w ki gen asirans nou an nan moman an, sa vle di dat renouvelman pou tout timoun nan fanmi w ki gen asirans nou an se mwa nou te bay timoun ki pi pre dat renouvelman an ki se nan dat **1ye Oktòb 2000** oswa apre dat sa a. Ou dwe renouvele chak ane amwenske gen yon lòt timoun nan fanmi w ki aplike pou asirans nou an, donk w ap gen pou w renouvele pou tout timoun yo lè timoun sa a aplike pou asirans lan. Apresa, tout timoun nan fanmi w ki gen asirans nou an ap renouvele chak ane nan menm dat la.
3. **Chanjman Sitiyasyon.** Ou dwe fè nou konnen si gen nenpòt chanjman nan revni w, kote w abite oswa asirans maladi ki ta ka fè w pa kalifye pou Kontra sa a. Ou dwe fè nou konn sa a nan espas swasant (60) jou apre chanjman sa a. Si pa fè nou konnen gen chanjman nan sitiayson w, nou ka mande w pou w remèt nenpòt lajan asirans lan te peye w.

SEKSYON TWA - SWEN LOPITAL

1. **Swen nan yon Lopital.** Ou gen asirans pou swen ki Nesesè pou Sante w nan ou resevwa nan yon Lopital antanke yon pasyan ki entène, si tout kondisyon ki annapre yo ranpli:
 - A. Lopital la dwe yon lopital ki gen kontra avè nou sof si w nan yon Lopital pou Sèvis Ijans oswa PCP w la fè aranjman pou w entène nan yon Lopital ki pa gen kontra avè nou e w gen otorizasyon MetroPlusHealth alavans.
 - B. MetroPlusHealth dwe bay otorizasyon alavans pou w entène la a, sof pou Sèvis Ijans.
 - C. Ou dwe yon pasyan ki gen yon kabann ki anrejistre nan lopital la pou tretman w ap resevwa pou maladi, blesi oswa pwoblèm ki pa ka trete si w pa entène.
2. **Sèvis Ki Kouvri Pou Moun Ki Entène.** Men lis sèvis Kontra sa a kouvrir pou moun ki entène:
 - A. Kabann ak manje chak jou, sa gen ladan l rejim espesyal ak terapi nan kesyon manje;
 - B. Sèvis enfimyè jeneral, espesyal ak pou pwoblèm ki grav anpil, sèvis enfimyè prive pa ladan l;
 - C. Lokal, sèvis, materyèl ak ekipman ki gen rapò ak operasyon, lokal ki pran swen moun pou ede yo reprann yo, anestezi, ak kote moun pran swen konplè oswa espeyal;
 - D. Oksijèn ak lòt sèvis oswa materyèl terapi ki gen rapò ak respirasyon;
 - E. Medikaman ki pa la nan kad yon esè y ap fè;
 - F. Sewòm, pwodui nan domèn byoloji, piki, pansman, plat, ak materyèl pou analize dyagnostik;
 - G. Pwodui san, sof lè gen patisipasyon nan yon pwogram benevòl pou ranplase san disponib;
 - H. Lokal, sèvis, materyèl ak ekipman ki gen rapò ak analiz dyagnostik e pou suiv jan kò moun nan ak fonksyone, sa gen ladan l etid nan

- laboratwa, pou egzamine maladi, kadyak, andoskopi, radyografi ak egzamen anndan sèvo a, e se pa sa yo sèlman;
- I. Lokal, sèvis ak materyèl ak ekipman ki gen rapò ak medsin fizik ak terapi ki ede moun retounen nan aktivite yo ak sèvis pou ede moun retounen sou de pye yo;
 - J. Lokal, sèvis ak materyèl ak ekipman ki gen rapò ak terapi radyasyon ak eleman radyo-aktif;
 - K. Lokal, sèvis ak materyèl ak ekipman ki gen rapò ak swen sante ann ijans;
 - L. Terapi pou tretman kansè yo rele chimyo a;
 - M. Terapi rasyasyon; ak
 - N. Nenpòt lòt sèvis medikal, pou operasyon, oswa sèvis, materyèl ak ekipman ki gen rapò ak bagay sa yo yon lopital bay, sof nan nivo Kontra sa a pa kouvri yo.
3. **Swen Pou Manman.** Met sou konplikasyon ki gen enpak sou bebe a ak manman an, n ap peye pou swen moun ki entène lopital la pandan omwen 48 èdtan aprè l fin akouche pou nenpòt akouchman ki pa Sezaryèn. N ap peye pou swen moun ki entène lopital la pandan omwen 96 èdtan pou Sezaryèn. Swen pou manman asirans lan kouvri yo gen ladan yo fòmasyon pou paran, èd ak fòmasyon pou montre paran fè alètman ak tete l oswa bibon ak evalyasyon medikal ki nesesè pou manman ak bebe ki fenk fèt la.
- Ou gen opsyon pou w egzeyate anvan 48 èdtan (96 èdtan pou Sezaryèn). Si w deside egzeyate bonè, n ap peye pou vizit ou resevwa lakay ou si w mande nou nan espas 48 èdtan apre w fin akouche (96 èdtan si se Sezaryèn ou te fè). Vizit lakay ou a ap fèt nan espas 24 èdtan aprè w fin kite lopital la oswa demann ou te fè pou w resevwa swen lakay ou a. Vizit sa a ou resevwa lakay ou a ap konte pami vizit ki kouvri ki mansyone nan Seksyon Sis nan Kontra sa a.
4. **Sèvis Pou Moun Ki Entène pou Kesyón Sante Mantal, ak Eksè nan Alkòl ak Dwòg.** N ap peye pou sèvis ou resevwa lè w entène kesyon sante mantal ak sèvis pou eksè nan alkòl ak dwòg, si w resevwa sèvis sa yo nan: Lopital; etablisman OMH ap jere dapre Seksyon 7.17 nan Lwa sou Sante

Mantal la; ak etablisman ki gen lisans pou bay sèvis ann amoni ak Atik 23 oswa Atik 31 nan Lwa sou Sante Mantal la. Sof nan ka ijans, apre sa espesyalis la dwe yon Espesyalis ki gen kontra avè nou amwenske nou bay otorizasyon pou w entène nan yon lopital ki pa gen kontra avè nou.

5. Restriksyon ak Entèdiksyon

- A. Nou p ap kouvri jou ou pa t nan lopital la, menm yon pati nan jounen an pa ladan 1. Nou p ap kouvri jou kote w te entène pou rezon ki pa Nesesè pou Sante w.
- B. Nou peye tout montan pou chanm ki gen lòt pasyan. Si w nan yon chanm prive, w ap peye montan anplis lopital la mete pou chanm prive a amwenske si chanm prive a Nesesè pou Sante w e se doktè w la ki mande sa.
- C. Nou p ap peye pou bagay ki pa medikal tankou televizyon w lwe oswa plan telefòn.

SEKSYON KAT - SÈVIS MEDIKAL

1. **Se PCP w la ki Dwe Bay, Fè Aranjman oswa Bay Otorizasyon pou Tout Sèvis Medikal yo.** Sof pou Sèvis ou resevwa ann Ijans oswa kèk sèvis ou resevwa nan men jinekològ, ou kouvri pou sèvis medikal ki dekri pi ba yo sèlman si PCP w la bay, fè aranjman oswa bay otorizasyon pou sèvis sa yo. Ou gen dwa pou w resevwa sèvis medikal nan youn nan kote ki annapre yo:
 - Klinik PCP w la.
 - Klinik yon lòt espesyalis oswa yon kote PCP w la deside swen espesyalis sa a oswa kote sa a apwopriye pou rezoud pwoblèm ou an.
 - Kote yo bay swen nan lopital pou moun ki pa bezwen entène.
 - Antanke yon pasyan ki entène Lopital, ou gen dwa pou w resevwa sèvis medikal, pou operasyon ak anestezi. MetroPlusHealth dwe bay otorizasyon alavans pou tout vizit nan Lopital ki pa ijan.

2. **Sèvis Medikal ki Kouvri.** N ap peye pou sèvis ki annapre yo:
 - A. Swen medikal jeneral ak swen espesyalis bay, sa gen ladan 1 konsiltasyon.
 - B. **Sèvis swen sante ak egzamen pou fè prevansyon.** N ap peye pou sèvis swen sante pou fè prevansyon ki gen ladan yo:

- Vizit nòmal pou timoun dapre dat pou kategori vizit sa a American Academy of Pediatrics tabli,
- Fòmasyon ak ankadreman nan kesyon manje,
- Egzamen pou verifye sistèm ki pèmèt timoun nan tandé,
- Sèvis travayè sosyal ki nan domèn medikal,
- Egzamen je,
- Vaksinasyon daprè vakse Komite ki la Pou Bay Konsèy Sou Vaksen Moun Dwe Pran an rekòmande.
- Egzamen pou gade si moun nan gen bakteri tibèkiloz nan san l,
- Konsiltasyon pou dan ak devlopman,
- Laboratwa klinik ak egzamen radyoloji, ak
- Egzamen pou verifye nivo metal nan san an.

C. Dyagnostik ak Tretman Maladi, Blesi oswa Lòt Pwoblèm. N ap peye pou dyagnostik ak tretman maladi oswa blesi tankou:

- Operasyon pou pasyan ki pa entène nan yon klinik/lopital oswa nan yon sant operasyon mobil, tankou sèvis pou anestesi,
- Swen pou dan ki rapò ak yon blesi ki rive akoz yon aksidan nan dan ki te san pwoblèm nan espas douz mwa apre aksidan an.
- Egzamen laboratwa, radyografi ak lòt tretman,
- Dyaliz pou ren,
- Terapi radyasyon,
- Terapi pou tretman kansè yo rele chimyo a,
- Piki ak medikaman yo bay nan klinik yon doktè,
- Dezyèm opinyon yon espesyalis lisansye bay konsènan yon operasyon, ak
- Egzamen nan sistèm ki pèmèt moun tandé ki Nesèsè pou Sante.

D. Terapi Fizik Ak Sa Yo Fè Pou Ede Moun Nan Reprann Aktivite L. N ap peye pou sèvis terapi fizik ak sa yo fè pou ede moun nan reprann aktivite 1 ki pa dire anpil tan. Terapi a dwe kalifye. Ki pa dire anpil tan an vle di ki pa depase karant (40) vizit pandan ane a.

E. Terapi Radyasyon, Terapi pou tretman kansè yo rele chimyo a and Emodyaliz. N ap peye pou terapi radyasyon ak chimyo, sa gen ladan 1 piki ak medikaman yo bay pandan terapi a ap fè la. N ap peye pou sèvis emodyaliz ou resevwa lakay ou oswa yon kote ki fèt pou sa, nenpòt sa nou wè ki apwopriye a.

F. Vizit pou pasyan ki pa entène pou Tretman Pwoblèm Sante Mantal ak Tretman Pou Eksè nan Alkòl ak Dwòg.

N ap peye pou vizit pasyan ki pa entène pou dyagnostik ak tretman pwoblèm sante mantal ak pwoblèm konsomasyon dwòg lakòz. Sèvis ki nesesè pou sante yo kouvri, san pa gen restriksyon nan kantite vizit yo. Vizit yo gen ladan yo terapi yo fè pou fanmi pou kesyon alkòl, dwòg ak/oswa sante mantal depi terapi sa a gen rapò dirèk ak tretman pou alkòl, dwòg ak/oswa sante mantal timoun ki enskri a.

G. Sèvis Jinekològ sa gen ladan 1 sèvis pandan gwoùsès, tranche ak akouchman ansanm ak sèvis apre akouchman an, sèvis sa yo kouvri parapò ak gwoùsès la. Ou pa bezwen otorizasyon yon PCP pou swen ki gen rapò ak gwoùsès si w al pran sèvis sa yo nan men yon Jinekològ ki gen kontra avè nou. Ou ka resevwa sèvis ki annapre yo tou san w pa bezwen otorizasyon yon PCP pou swen kay yon Jinekològ ki gen kontra avè nou:

- De egzamen pou pi plis pa ane pou swen jeneral oswa pou w fè prevansyon nan men jinekolòk; ak
- Swen ou bezwen apre w fin fè egzamen oswa yon pwoblèm grav pou jinekològ rezoud.

H. Depistaj Kansè Nan Kòl Matris. Si w se yon fanm ki gen plis pase dizuit lane, oswa ou pi jèn men ou toujou ap fè sèks, n ap peye pou yon depistaj kansè nan kòl matris chak ane, yon ezamen sistèm repwodisyon chak ane, egzamen pou gade si gen pwobèm nan kòl matris la ak egzamen kòl matris la. N ap peye pou depistaj maladi moun pran nan fè sèks tou.

I. Terapi pou devlòpman langaj. N ap peye pou sèvis terapi pou devlòpman langaj ki ka fè gen gwo amelyorasyon klinik nan yon peryòd de mwa, ki kòmanse apati premye jou terapi a, lè se yon espesyalis nan domèn tandem, espesyalis nan domèn langaj, yon terapis ki ede moun nan pale ak/oswa espesyalis ki travay nan domèn zòrèy, nen ak gòj.

SEKSYON SENK - SWEN POU IJANS GRAV

1. **Vizit Nan Sal Ijans Lopital.** N ap peye pou Sèvis Ijans yo bay nan sal ijans Lopital. Ou ka al dwat nan nenpòt sal ijans pou w jwenn swen. Ou pa bezwen rele PCP w la anvan. Ou pa bezwen gen otorizasyon pou w resevwa swen ann ijans.

Si w antre nan yon sal ijans, MetroPlusHealth konseye pou ou menm oswa yon lòt moun fè Depatman Ki Responsab Itilizasyon MetroPlusHealth la konn sa nan pwochen jou nou ouvri a oswa kou sa posib. Pou w mete nou okouran, rele Depatman Ki Responsab Itilizasyon MetroPlusHealth la gratis nan nimewo telefòn sa a: **1-800-303-9629**.

Si w panse sèvis ou te resevwa nan sal ijans lan pa t pou yon tretman yon Pwoblèm Ijan jan sa mansyone nan Seksyon En, nan paj 4 la, nou p ap kouvri vizit nan sal ijans lan.

2. **Ou Entène Lopital Ann Ijans** Si w antre nan yon sal ijans, MetroPlusHealth konseye pou ou menm oswa yon lòt moun fè Depatman Ki Responsab Itilizasyon ana konn sa nan pwochen jou nou ouvri a oswa kou sa posib. Si w entène nan yon lopital ki pa gen kontra avè nou, nou ka mande pou yo transfere w nan yon lopital ki gen kontra avè nou kou eta w pèmèt sa.
3. **Sèvis Anbilans** N ap peye piy sèvis medikal ou resevwa ann ijans anvan w rive lopital la, sa gen ladan 1 konsiltasyon rapid oswa tretman yon Pwoblèm Ijan ak/oswa yon transpò ki pa pase anlè pou w al nan yon lopital, ou resevwa nan yon anbilans ki gen lisans pou fè travay y ap fè a ann amoni ak seksyon 3005 nan Lwa sou Sante Piblik la.

Ou pa bezwen yon otorizasyon alavans pou w resevwa sèvis anbilans pou yon Pwoblèm Ijan jan sa mansyone nan règleman pou moun ki pa gen gwo konesans nan domèn medsin nan, ki dekri nan Seksyon En, nan paj 2 a. Sèvis ou resevwa anvan w rive lopital yo, sa gen ladan 1 konsiltasyon ak tretman ak/oswa transpò ki pa pase anlè pou w al nan yon lopital, nesesè jan sa mansyone nan règleman pou moun ki pa gen gwo konesans nan domèn medsin nan, sèvis sa yo ap kouvri. Nou p ap kouvri sèvis anbilans ou resevwa san w pa gen yon Pwoblèm Ijan.

SEKSYON SIS - SÈVIS POU PWOBLEM SANTE MANTAL AK KONSOMASYON DWÒG

1. Sèvis Pou Pwoblèm Sante Mantal Ak Konsomasyon Dwòg Pa gen okenn restriksyon pou sèvis yo bay pou pasyan ki entène pou pwoblèm sante mantal, ki entène pou netwayaj apre moun nan fin fè eksè nan dwòg oswa alkòl ak lè moun nan entène pou l resevwa sèvis pou ede l retounen sou de pye l, depi kote k ap bay tretman yo respekte Règleman Eta a tabli yo.

N ap peye pou pasyan ki entène pou pwoblèm sante mantal ak pasyan ki entène pou pwoblèm ki gen rapò ak konsomasyon dwòg lè sèvis sa yo bay nan yon etablisman ki:

- Anba jesyon Biwo Sante Mantal dapre seksyon 7.17 nan Lwa sou Sante Mantal la;
- Gen lisans pou bay sèvis ann amoni ak Atik 23 oswa Atik 31 nan Lwa sou Sante Piblik la;
- Se yon lopital jeneral jan sa dekri nan Atik 28 nan Lwa sou Sante Piblik la.

Vizit pou Pasyan ki Pa Entène Pou Tretman Pwoblèm Sante Mantal ak Tretman Pwoblèm ki gen Rapò ak Konsomasyon Dwòg N ap peye pou vizit pasyan ki pa entène pou dyagnostik ak tretman pwoblèm sante mantal ak pwoblèm konsomasyon dwòg lakòz. N ap peye tou pou vizit pou pasyan ki pa entène lopital pou manm fanmi w si vizit sa yo gen rapò ak tretman pou sante mantal oswa pwoblèm konsomasyon dwòg lakòz.

SEKSYON UIT - LÒT SÈVIS KI KOUVRI

1. Ekipman ak Materyèl pou Dyabèt. N ap peye pou ekipman ak materyèl ki annapre yo pou tretman dyabèt ki Nesesè pou Sante w e PCP w la oswa lòt Founisè i gen kontra avè nou preskri oswa rekòmande dapre Tit 8 nan Lwa Sou Edikasyon Eta Nouyòk la:

- Aparèy pou kontwole sik nan san,
- Aparèy pou kontwole sik nan san pou moun ki avèg legalman,
- Sistèm ki jere enfòmasyon,
- Ti moso papye yo met nan aparèy yo e ou ka li,
- Papye yo itilize pou egzamen pipi,
- Materyèl pou bay piki,

- Aparèy pou fè lekti odyo pou moun ki avèg,
 - Ensilin,
 - Sereng,
 - Pomp pou ensilin ak bagay ki vin avè l yo,
 - Aparèy ensilin ki nan kò w,
 - Medikaman pou w bwè, ak
 - Lòt ekipman ak materyèl Komisè Sante a di ki apwopriye pou tretman dyabèt.
2. **Fòmasyon K Ap Montre W Fason Pou W Jere Dyabèt La Poukont Ou.**
N ap peye pou fòmasyon k ap montre w fason pou w jere dyabèt la pou kont ou PCP w la oswa yon lòt founisè ki gen kontra avè nou fè pou ou. W ap resevwa fòmasyon sa a si yo dekoutri ou soufri dyabèt, gen yon gwo chanjman nan eta sante w, yon pwoblèm ki rive ki fè w vin bezwen jere l poukont ou oswa si nou wè li Nesesè pou Sante w pou w resevwa fòmasyon sa a ankò. N ap peye pou vizit ou resevwa lakay ou tou si yo Nesesè Pou Sante w.
3. **Ekipman Medikal Ki Dire Anpil Tan.**

- A. **Sa k Kouvri.** N ap peye pou aparèy ak ekipman PCP w la oswa lòt founisè ki gen kontra avè nou kòmande pou tretman yon pwoblèm medikal byen presi e ki:
- Ap dire menm si w sèvi avè l souvan pandan yon long peryòd;
 - Sèvi pou rezon medikal;
 - Pa itil lè pa gen yon maladi oswa yon blesi; e
 - Ki pa adapte, fèt oswa prepare pou yon moun byen presi itilize, menmsi ekipman ki fèt pou yon sèl moun sèvi ka fèt pou moun sa espesyalman.

Pami ekipman medikal ki dire anpil tan yo, w ap jwenn: aparèy pou ede moun tandem; pwotèz (aparèy ki fèt pou ranplase oswa jwe wòl yon pati moun nan pa genyen nan kò l); aparèy sipò (aparèy ki fèt pou soutni yon manm nan kò moun nan ki fèb oswa ki defòme oswa pou limite oswa bloke mouvman nan yon pati nan kò moun nan ki malad oswa ki kase); kabann lopital ak sa k mache avè l yo; oksijèn ak materyèl pou oksijèn; kousen presyon; vantilatè pou ogmante gwosè; vantilatè pou terapi; aparèy pou kreye vapè ak lòt ekipman pou swen nan domèn respirasyon; aparèy pou presyon nan chè moun nan; wòkè; baton; beki; chèz woulant ak bagay ki vin avè l yo; chèz ki tou gen bòl

pou moun nan fè bezwen l; sipò sou bòl twalèt la pou moun nan kenbe; aparèy ki kontwole respirasyon nan dòmi; aparèy pou leve pasyan; ponp pou foure manje nan kò moun nan; ponp pòtatif pou foure medikaman nan kò moun. N ap peye pou reparasyon ekipman tou (mendèv ak pyès).

- B. **Famasi Ki Gen Kontra Avè Nou Oswa Lòt Founisè Dme Ki Gen Kontra Avè Nou.** Se yon Famasi ki gen Kontra Avè nou oswa yon lòt Founisè ki gen kontra avè nou ki dwe livre ekipman medikal ki dire lontan ki sou preskripsyon an, sof si gen yon ka ijans.
- C. **Restriksyon ak Entèdiksyon.** Dapre seksyon sa a, nou p ap peye pou sèvis ki annapre yo:
- Materyèl ak aparèy yo itilize pou fè esè;
 - Aparèy sipò yo preskri pou itilize sèlman nan spò;
 - Fo cheve pwoteje tèt poun nan (perik); ak
 - Fo dan, sof sa ki nesesè akoz yon aksidan nan dan ki pa t gen pwoblèm deja, dan natirèl e yo bay nan espas 12 mwa apre aksidan an, epi sof fo dan ki nesesè pou tretman yon pwoblèm moun nan fèt avè l oswa nan kad yon operasyon ki fèt pou fè koreksyon.

4. **Medikaman sou preskripsyon ak Medikaman Ki Pa sou Preskipsyon.**

- A. **Sa k Kouvri.** N ap peye pou medikaman ki Nesèsè pou Sante e FDA apwouve ki bezwen gen preskripsyon pou li e ki pa gen preskripsyon jan sa mansyone nan lis medikaman MetroPlusHealth Child Health Plus la. Asirans lan kouvri manje (vitamin) yo konekte pou 1 rive nan vant moun nan dirèkteman ki Nesèsè pou Sante pou moun nan itilize lakay li (sa gen ladan 1 manje pou tretman PKU, setoniri ak chèn ki gen branch, galaktosemi ak imosistiniri) ak pwodui ki gen manje solid yo transfòme ki pa gen anpil poteycin oswa ki gen poteycin ki transfòme pou tretman maladi sistèm dijesyon asid amine ak asid òganik moun nan fèt avè l yo. N ap peye pou aparèy ak medikaman planin.
- B. **Founisè ak Famasi Ki Gen Kontra Avè nou.** N ap peye pou medikaman ki prespri sèlman pou moun nan pran lè l pa lopital. Se yon Founisè ki gen kontra avè nou oswa yon Founisè ki pa gen kontra avè nou PCP w la te refere w ki dwe bay preskripsyon an, sof nan yon

sitiyasyon ijans. Se yon Famasi ki Gen Kontra avè nou ki dwe bay medikaman ki sou preskripsiyan nan sof nan yon sitiyasyon ijans.

C. **Restriksyon ak Entèdiksyon.** Dapre seksyon sa a, nou p ap peye pou sèvis ki annapre yo:

- Medikaman yo foure nan kò moun oswa yo bay pa mwayen piki,
- Ranplasman medikaman yo preskri w ki pèdi oswa yo vòlè,
- Medikaman yo sèvi nan domèn kosmetik sèlman,
- Medikaman yo sèvi pou fè eksperyans oswa envestigasyon amwenske Direktè Plan Medikal la oswa Ajan Kontestasyon Ki Pa Nan Lopital la bay otorizasyon pou sa,
- Medikaman FDA pa apwouve, men n ap peye pou medikaman preskripsiyan FDA apwouve pou tretman kansè, lè yo preskri medikaman an pou yon lòt kategori kansè FDA te bay otorizasyon pou li a. Men medikaman an dwe yon medikaman youn nan liv ki annapre yo rekonèt ki bon pou tretman kategori kansè yo te bay preskripsiyan pou li a:
 - (a) AMA Drug Evaluations,
 - (b) American Hospital Formulary Service,
 - (c) U.S. Pharmacopoeia Drug Information, oswa
 - (d) Yon atik ki fè analiz oswa kòmantè nan yon editoryal nan yon gwo jounal pwofesyonèl yon komite lekti fè.
- Aparèy ak materyèl nenpòt kalite, sof aparèy pou planin familyal oswa kontrasepsyón, tèmomèt kontrasepsyón, kapòt pou fanm ak gason, ak ti aparèy pou anpeche moun ansent.
- Vitamin ak lòt eleman k ap ede nan ranfòse sistèm moun nan, sof lè sa nesesè pou trete yon maladi oswa pwoblèm yo dekovri.
- Medikaman sou preskripsiyan yo itilize pou trete pwoblèm bann pa kouvri.

5. **Swen sante yo bay nan kay.** N ap peye pou karant (40) vizit chak ane pou swen yon ajans ki bay sèvis swen sante lakay moun ki lisansye e ki se yon Founisè ki gen Kontra avè nou. N ap peye pou swen sante ou resevwa lakay ou si w t ap oblige entèn lopital si yo pa bay swen sa a lakay.

Nan swen yo bay lakay la w ap jwenn you oswa plizyè nan sèvis ki annapre yo:

- swen tan pasyèl oswa yon lè konsa yon enfimyè ki bay swen lakay moun bay oswa anba sipèvizon yon enfimyè lisansye,
 - swen tan pasyèl oswa yon lè konsa yon moun ki kalifye pou bay èd bay lakay ki la prensipalman pou pran swen pasyan an,
 - terapi fizik, pou ede moun nan retounen nan aktivite l ak terapi pou ede ak devlopman langaj, si se yon ajans ki bay swen lakay ki bay li, ak
 - materyèl medikal, medikaman yon doktè preskri ak sèvis laboratwa ki fè pa mwayen yon ajans ki bay swen lakay oswa nan non ajans lan nan nivo materyèl sa yo t ap kouvri si moun ki kouvri a te lopital.
6. **Egzamen ki fè anvan w entène.** N ap peye pou egzamen ki fèt anvan w entène lè yo fèt nan lopital kote operasyon an gen pou 1 fèt la, si:
- rezèvasyon kabann Lopital la ak chanm kote operasyon an ap fè 1 la gentan fèt, anvan yo fè egzamen sa yo;
 - se doktè w la ki mande pou fè egzamen sa yo; epi
 - operasyon sa fèt jan yo te prevwa a nan sèt jou apre egzamen anvan w entène a fèt.
- Si operasyon an anile akoz rezulta egzamen yo, n ap toujou kouvri detans ki te fèt pou egzamen sa yo.

7. **Swen pou Dan.**

- A. **Sa k Kouvri.** N ap peye pou sèvis pou dan ki ijan, pou fè prevansyon ak vizit nòmal ki fèt kay yon Dantis ki gen kontra avè nou. Ou pa bezwen otorizasyon yon PCP pou swen dan ki kouvri yo si w al kay yon Dantis ki gen kontra avè nou. Sèvis Swen Dan ki kouvri yo gen sèvis ki annapre yo ladan yo:
- Tretman ijan ki nesesè pou diminye lapèn ak soufrans yon maladi oswa yon chòk nan dan,
 - Tretman ki ede w fè prevansyon pou w pa gen maladi nan bouch, ki gen ladan l: pwofilaksi (retire kras nan dan an epi poli dan) ki fèt chak 6 mwa; mete fliyò topik chak 6 mwa kote dlo nan zòn nan pa gen fliyò; kòl yo met nan dant k ap tou ret nan

- dan ki pa ka repare a, men se pa sa yo sèlman.
- Aprè premye dan yo fin pouse, vizit nòmal kay dantis chak 6 mwa.
- Radyografi, sa gen ladan 1 radyografi pou tout bouch la chak 36 mwa e, si sa nesesè, radyografi ki fèt pou gade jan dan yo aliye chak 6-12 mwa, radyografi pou kwen dan chak 36 mwa si sa nesesè, ak lòt radyografi ki nesesè kou premye dan yo fin soti.
- Tout tretman ki nesesè pou dan yo rache ki fèt byen senp ak lòt swen dan ki pa bezwen pou moun nan entène, sa gen ladan 1 swen anvan ak apre operasyon.
- Medikaman pou kalme w ou konnen yo ba w nan klinik la.
- Amalgam, ranplisaj ak kouwòn ki p ap wouye.
- Lòt materyèl ranplisaj ki apwopriye pou timoun.
- Swen pou rasin dan ki enfekte, sa gen ladan 1 tout tretman ki fèt pou rasin dan ak kanal yo, kote 1 pa nesesè pou moun nan entène.
- Sèvis pou dan ki enfekte, sof si sèvis sa yo w ap fè yo anvan w al ranje dan w.
- Fo dan, sa gen ladan 1 lè yo retire tout dan nan bouch ou oswa enpe ladan yo ak suivi ki dire sis mwa, si youn oswa plizyè nan kondisyon ki annapre yo respekte, dan yo vise pou ranplase vrè dan yo:
 - Ki nesesè pou ranplasman yon sèl pati ki pa anndan sou anlè (santral/sou kote ki file oswa pwenti) nan bouch yon pasyan ki ranplase tout dan 1 te fèt avè yo, dan ki bon e/oswa ki repare; oswa
 - Ki nesesè pou ranje fant ki nan lèv siperyè a; oswa
 - Ki nesesè, jan sa parèt nan dokiman medikal yo, akoz gen yon pwoblèm nan nè yo oswa fonksyònman ki t ap anpeche yo ranplase yon fo dan ki ka soti.
 - Mete yon dokiman ki gen enfòmasyon sou idantifikasyon, reparasyon, aliyman ak ranplasman fo dan.
 - Aparèy pou kenbe espas, yon sèl bò oswa de bò, pou mete yon dan ki fenk pouse ak/oswa dan ki repare pou kite espas pou dan k ap pouse pou yo rete nèt.

B. Restriksyon ak Entèdiksyon. Nou p ap peye pou sèvis pou ranje dan.

8. Swen Je.

- A. **Sa k Kouvri.** N ap peye pou sèvis pou je ki ijan, pou fè prevansyon ak vizit nòmal. Ou pa bezwen otorizasyon yon PCP pou swen je ki kouvri yo si w al kay yon doktè je ki kalifye e ki gen kontra avè nou. Sèvis Swen je ki kouvri yo gen sèvis ki annapre yo ladan yo:
- **Ekzamen je.** N ap peye pou egzamen je ki fèt pou gade si w bezwen linèt koreksyon, e si sa nesesè, pou yo ba w preskripsiyon pou linèt koreksyon. N ap peye pou egzamen je ki fèt chak douz (12) mwa, amwenske w bezwen sa pi souvan men fòk gen dokiman pou pwouve sa. Egzamen je a ka gen ladan 1, men se pa sa yo sèlman: dosye ki pase; egzamen ki fèt pa deyò je a oswa anndan je a; egzamen kay oftalmològ; gade nan kinivo refraksyon an ye; distans ak toulède je yo; tès glokòm; domèn vizyon jeneral ak egzamen pou verifye koulè yo; rapò sou rezulta yo ak rekòmandasyon pou linèt koreksyon.
 - **Linèt Preskripsiyon.** N ap peye pou linèt senp chak douz (12) mwa, amwenske w bezwen sa pi souvan men fòk gen dokiman pou pwouve sa. Linèt yo preskri w la ka fèt an plastik oswa ak glas
 - **Monti.** N ap peye pou monti senp ki ka kenbe vè yo chak douz (12) mwa, amwenske w bezwen sa pi souvan men fòk gen dokiman pou pwouve sa.
 - **Kontak.** N ap peye pou kontak sèlman si l Nesesè pou Sante w.

- B. **Restriksyon ak Entèdiksyon.** Nou p ap peye pou kontak ki pa Nesesè pou Sante w.

9. **Sèvis yo bay lè moun nan entène e l pa ret anpil tan pou l viv.** N ap peye pou pwogram ki bay sèvis ki pa pou gerizon ak sèvis sipò (swa lakay oswa nan yon lopital kote moun nan entène) pou timoun (ki gen 19 lane pou pi plis) e yon doktè konfime li nan dènye faz maladi a, e l ret sis mwa oswa mwens tan pou l viv.

Sèvis swen lè moun nan entène e l pa ret anpil tan pou l viv la ap kouvri swen ak sipò yo bay lè moun nan prèske mouri pou yon timoun ki ranpli kondisyon pou bezwen espesyal yo genyen akoz strès nan domèn fizik, sikolojik, spirityèl ak ekonomik, yon strès li ka genyen pandan dènye faz maladi a e pandan moun nan ap mouri a ak nan peryòd dèy la. Epitou, manm

fanmi an kalifye pou senk vizit ak yon terapis ki bay sèvis pou moun ki an dèy.

Pwogram sèvis yo bay nan kad swen pou moun ki pa ret anpil tan pou yo viv yo dwe konfime yon fason ofisyèl ann amoni ak Atik 40 nan Lwa Sou Sante Piblik nan Eta Nouyòk. Se anplwaye ak benevòl kalifye ki fè pati pwogram pou swen yo bay pou moun ki entène e ki pa ret anpil tan pou yo viv yo oswa anplwaye ki kalifye ki dwe bay tout swen yo grasa aranjman sou baz kontra nan nivo gouvènman federal la pèmèt sa a ak kondisyon eta a met sou pye.

10. **Pale ak Tande.** N ap peye pou sèvis k ap ede w devlope kapasite w pou w pale ak tandem, sa gen ladan 1 aparèy ki pou ede w tandem, aparèy ki pou ede w tandem ki mache ak pil, ak reparasyon. Sèvis sa yo gen ladan yo egzamen pou sistèm ki pèmèt moun nan tandem a pou gade si 1 bezwen tretman. Terapi pou devlopman langaj ki ka fè gen gwo amelyorasyon klinik nan yon peryòd de mwa, ki kòmanse apati premye jou terapi a, lè se yon espesyalis nan domèn tandem, espesyalis nan domèn langaj, yon terapis ki ede moun nan pale ak/oswa espesyalis ki travay nan domèn zòrèy, nen ak gòj.

SEKSYON UIT - LÒT ENFÒMASYON KONSÈNAN FASON PLAN AN MACHE

1. **Lè Yon Espesyalis Ka PCP W.** Si w gen yon pwoblèm oswa yon maladi ki met lavi w an danje oswa yon pwoblèm oswa yon maladi k ap dejener e k ap fè w andikape, ou ka mande yon Espesyalis ki gen kontra avè nou pou 1 se PCP w. N ap kontakte espesyalis la ak PCP w la epi n ap deside si 1 ap apwopriye pou espesyalis la fè travay sa a.
2. **Referans Ki P ap Chanje Pou w Al Jwenn Yon Espesyalis Ki nan Rezo a.**
Si w bezwen yon swen ki mande pou w toujou suiv yon espesyalis, ou ka resevwa yon "referans ki p ap chanje", pou w al wè yon espesyalis ki gen kontra avè nou. Sa vle di ou p ap bezwen yon lòt referans nan men PCP w la chak lè w bezwen al kay espesyalis sa a. N ap kontakte espesyalis la ak PCP w la epi n ap deside si "referans ki p ap chanje" a ap apwopriye nan ka pa w la.
3. **Referans Ki P ap Chanje Pou w Al Yon Sant Sante Ki Bay Swen Espesyal.** Si w gen yon pwoblèm oswa yon maladi ki met lavi w an danje oswa yon pwoblèm oswa yon maladi k ap dejener e k ap fè w andikape, ou ka mande yon referans ki p ap chanje pou yon sant sante ki bay swen espesyal ki gen kontra avè nou. N ap kontakte PCP w la, espesyalis ou a ak sant sante ki bay swen espesyal la pou nou deside si referans sa a apwopriye.
Lè Founisè W La Pa Nan Rezo A Ankò. Si w ap fè yon tretman pandan founisè w la vin pa nan rezo nou an ankò, w ap ka kontinye pran swen nan men founisè sa a ki te gen Kontra avè nou, nan kèk ka, w ap ka fè sa jiska 90 jou apre nou fin anonse w founisè a ap kite rezo a. Si w ansent e ou sou dezyèm trimès ou, li ka posib pou w kontinye swen yo ak Founisè ki te gen kontra avè nou an jiskaske w akouche ak swen apre akouchman ki gen rapò dirèk ak akouchman an. Men, pou w ka kontinye swen sa yo jiska 90 jou oswa jiskaske w akouche ak yon Founisè ki te gen kontra avè nou, founisè a dwe dakò aksepte pèman nou an e pou 1 respekte pwosedi ak règleman nou yo, tankou pou 1 garanti swen 1 ap bay yo se bon swen.
4. **Lè Nouvo Manm yo Nan Mitan Yon Tretman.** Si nan mitan yon tretman ak yon Founisè ki pa gen Kontra avè nou lè w enskri nan asirans nou a, li ka posib ou w resevwa swen nan men Founisè ki pa gen Kontra avè nou an pandan 60 jou pou pi plis apati dat asirans ou a kòmanse dapre Kontra sa a. Tretman sa a dwe yon tretman pou yon maladi oswa pwoblèm ki met lavi w andanje oswa yon pwoblèm oswa yon maladi k ap dejener e k ap fè w

andikape. Ou ka kontinye pran swen nan men yon Founisè ki pa gen Kontra avè nou tou si w sou dezyèm trimès depi w ansent lè w vin gen asirans dapre Kontra sa a. Ou ka kontinye pran swen jiskaske w akouche ak sèvis apre w fin akouche ki gen rapò dirèk ak akouchman an. Men, pou w ka kontinye swen sa yo jiska 60 jou oswa jiskaske w akouche ak yon Founisè ki te gen kontra avè nou, founisè a dwe dakò aksepte pèman nou an e pou l respekte pwosedi ak règleman nou yo, tankou pou l garanti swen l ap bay yo se bon swen.

SEKSYON NÈF - RESTRIKSYON AK ENTÈDIKSYON

Met sou restriksyon ak entèdiksyon nou gentan dekri yo, nou p ap peye pou sèvis ki annapre yo:

1. **Swen Ki Pa Nesesè Pou Sante.** Anjeneral, Plan an p ap kouvri kèlkeswa sèvis swen sante Plan an deside ki pa nesesè pou sante w. Si gen yon Ajan Kontestasyon Ki p ap Travay pou nou ki gen lisans Eta a konteste refi Plan an, Plan an dwe kouvri pwosedi a, tretman an, sèvis, pwodui famasi a, oswa ekipman medikal ki dire lontan an asirans lan te refize a, nan nivo pwosedi sa a, tretman an, sèvis sa a, pwodui famasi sa a, oswa ekipman medikal sa a kouvri nan lòt sitiyasyon dapre kondisyon ki nan Kontra Manm sa a. (Pou plis enfòmasyon konsènan kontestasyon endepandan an, al gade Seksyon 11 ki nan Kontra Manm sa a.)
2. **Tretman Medikal Nou Aksepte.** Ou pa gen asirans pou sèvis ki pa respekte metòd ak prensip medikal oswa sikyatrik ofisyèl nan moman tretman an ap fèt la.
3. **Swen PCP W La Pa Bay Dirèkteman, Sa L Pa Bay Otrizasyon Oswa Li Pa Fè Aranjman Pou W Resevwa.** Ou gen dwa pou w kouvri pou sèvis yo sèlman lè se PCP w la ki bay yo dirèkteman, li otrizasyon oswa li fè aranjman pou w resevwa yo, sof si Kontra sa a ta mansyone yon lòt bagay. Si w chwazi pran swen PCP w la pa bay dirèkteman, sa l pa bay otrizasyon oswa li pa fè aranjman pou w resevwa yo, nou pa responsab depans ou fè yo.
4. **Sèvis lè w Entène nan yon Mezon Retrèt, Kote yo Bay Swen Pou Ede Moun Retounen Sou De Pye Yo, Oswa Nenpòt Lòt Etablisman Kontra Pa Mansyone Ki Kouvri.**
5. **Sèvis Doktè Lè w Entène nan yon Mezon Retrèt, Kote yo Bay Swen Pou Ede Moun Retounen Sou De Pye Yo, Oswa Nenpòt Lòt Etablisman Kontra Pa Mansyone Ki Kouvri.**
6. **Sèvis ki fèt nan kad yon Eksperyans oswa Envestigasyon.** An jeneral, Plan an pa kouvri tretman ki fèt nan kad yon eksperyans oswa envestigasyon. Men, Plan ap kouvri tretman ki fèt nan kad yon eksperyans oswa envestigasyon yon Ajan Kontestasyon ki p ap travay pou asirans lan ki gen lisans leta apwouve. Si Ajan Kontestasyon ki p ap travay pou asirans lan apwouve kouvèti yon tretman ki fèt nan kad yon eksperyans oswa yon envestigasyon ki fè pati yon esè klinik, Plan ap annik kouvri sèvis ki nesesè pou ba w tretman an dapre jan jijman an fèt

la. Plan p ap responsab depans ki fèt pou medikaman oswa aparèy nan kad envestigasyon an, depans pou sèvis ki pa gen rapò ak swen sante, depans pou jere rechèch la, oswa depans ki pa t ap kouvri nan Kontra Manm sa a pou yon tretman ki pa fèt nan kad yon eksperyans oswa ki pa fèt nan kad yon envestigasyon. (Pou plis enfòmasyon konsènan kontestasyon endependan an, al gade Seksyon 11 ki nan Kontra Manm sa a.)

7. Operasyon pou w ranfòse bote w, aparans ou ak konfyans nan tèt ou.

Nou p ap peye pou operasyon w fè pou w chanje aparans ou, amwenske l nesesè pou sante w, men n ap kouvri operasyon pou ranje yon pati nan kò w:

- Lè operasyon an ap fèt paske w te sibi yon chòk, enfeksyon oswa lòt maladi kote gen yon pati nan kò a ki touche; oswa
- Lè sa nesesè pou korije yon defo ou gen nan kò w akoz yon maladi oswa pwoblèm ou fèt avè l.

8. Repwodiksyon In Vitro, Enseminasyon Atifisyèl oswa lòt Metòd Repwodiksyon ki Pa Natirèl.

9. Enfimyè Prive.

10. San Yon Moun Bay Pou Pwòp Tèt li.

11. Sèvis Tretman Ak Men. Nou p ap peye pou kèlkeswa sèvis pou dekouvrir ak korije (ak men oswa machin) yon pati nan kò a ki pèdi balans li; defòmasyon; oswa lè yon pati nan kò a dejwente pou yo debloke nè ki bloke a ak konsekans sa gen apre. Entèdiksyon sa a ap aplike lè nè k bloke a te bloke akoz yon defòmasyon oswa li gen rapò ak sa a, yon aliyman ki mal fèt, oswa kolòn vêtebral la dejwente.

12. Swen Pou Pye.

13. Lòt Asirans Maladi, Avantaj Asirans Maladi, ak Pwogram Gouvènman.

N ap diminye pèman nou fè dapre Kontra sa a pou montan ou kalifye pou w resevwa pou menm sèvis sa a dapre lòt asirans maladi, avantaj asirans maladi oswa pwogram gouvènman mete sou pye yo. Pami lòt asirans maladi yo w ap jwenn Asirans Blue Cross ak Blue Shield oswa HMO yo oswa pwogram ki menm jan an. Avantaj asitans maladi yo gen ladan yo nenpòt plan asirans ou gen poukont ou, oswa ki pa asire atravè konpayi w ap travay la, òganizasyon, sendika, òganizasyon ki anboche moun oswa avantaj òganizasyon bay anplwaye. Pwogram gouvènman yo

gen ladan yo Medicare oswa nenpòt lòt pwogram federal, eta a oswa lokal, sof Pwogram Pou Timoun Ki Gen Andikap Fizik ak Pwogram Entèvansyon Ki Fèt Bonè a.

14. **Asirans Machin Kote Asirans Lan Ap Kouvri Moun Nan Menmsi I Koupab Oswa Inosan.** Nou p ap peye pou okenn sèvis ki kouvri nan yon asirans machi san responsabilite. Nou p ap fè okenn pèman menm si w pa reklame avantaj ou gen dwa pou w resevwa dapre asirans ki kouvri w menm si w koupab oswa inosan.
15. **Lòt bagay ki pa kouvri.** Nou p ap peye pou:
 - a. Operasyon pou w chanje sèks ou; oswa
 - b. Swen pou ede w nan aktivite ki pa medikal.
16. **Dedomajman Anplwaye.** Nou p ap bay asirans pou kelkeswa sèvis oswa swen pou yon blesi, pwoblèm oswa maladi si w te depoze yon reklamasyon e w te resevwa lajan dapre Lwa Dedomajman Anplwaye a oswa lwa ki bay menm avantaj yo.

SEKSYON DIS - TARIF POU KONTRA SA A

1. **Montan Tarif la.** Se nou ki deside montan tarif pou Kontra sa a epi Direktè Jeneral Asirans pou Eta Nouyòk la apwouve l.
2. **Pati pa w Nan Tarif Asirans lan.** Lalwa Eta Nouyòk la fè w obligasyon pou w bay pati pa w nan pri asirans ou a. N ap fè w konnen ki kantite pati pa w la ye, si gen pou w bay.
3. **Limit ou gen pou w peye.** Tout tarif pou kontra sa dwe peye yon mwa alavans. Men, n ap ba w yon limit 30 jou pou w peye tout tarif yo, sof premye mwa. Sa vle di, sof pou premye mwa tarif asirans pou chak timoun, si nou resevwa pèman an nan epas 30 jou apre dat pèman dwe fèt la, n ap kontinye asirans lan dapre Kontra sa a pou tout peryòd pèman an kouvri a. Si nou pa resevwa pèman nan limit 30 jou a, n ap anile asirans Kontra sa a apati dènye dat nan mwa pèman an te dwe fèt la.
4. **Antant Pou w Peye Pou Sèvis yo Si w Pa Peye Tarif Pou Asirans Lan.** Ou p ap resevwa okenn sèvis pandan peryòd ou pa t peye tarif pou asirans lan. Si w te resevwa sèvis pandan peryòd sa a, ou dakò w ap peye pou sèvis ou te resevwa a.
5. **Chanjman nan Tarif Asirans Lan.** Si ap gen yon ogmantasyon oswa n ap diminye tarif asirans lan oswa pati pa w pou asirans lan pou Kontra sa a, n ap voye yon avi ekri pou ou omwen trant jou anvan chanjman an fèt.
6. **Chanjman nan Revni w ak Kantite moun ki Lakay ou.** Ou ka mande pou nou revize tarif ou peye pou asirans fanmi an depi revni w oswa kantite moun ki lakay yo chanje. Ou ka rele nou nan **1-800- 303-9626** oswa rele Liy Dirèk Child Health Plus la nan **1-800-698-4543** pou w mande yon revizyon. Nan moman sa a, n ap ba w fòmilè ak dokiman ki nesesè pou nou fè revizyon an. N ap analize pati w peye pou asirans fanmi w lan ankò e n ap ba w rezulta yo nan espas 10 jou ouvrab apre nou fin resevwa demann nan ak dokiman ki nesesè pou nou fè revizyon nan. Si revizyon nou fè a montre gen chanjman nan pati w peye pou tarif asirans fanmi w lan, n ap aplike chanjman sa nan 40 jou pou pi plis apre nou fin resevwa demann revizyon konplè a ak dokiman prèv yo.

SEKSYON ONZ - ANILASYON ASIRANS

1. **Lè W Pa Peye Montan Tarif La.** Si w gen obligasyon pou w peye yon tarif pou Kontra sa a, Kontra sa ap anile nan fen 30 jou limit la si nou pa resevwa pèman w. Pa egzanp, si pèman w lan dwe fèt 1ye jiyè, e w pa peye 1 disi 31 jiyè, ki se fen peryòd limit 30 jou a, nou p ap peye okenn sèvis ou resevwa dapre Kontra sa a apre 31 jiyè.
2. **Lè W Kite Zòn Nou Bay Sèvis La.** N ap anile Kontra sa si w pa abite nan Zòn nou Bay Sèvis yo ankò.
3. **Lè w Pa Ranpli Kondisyon Ki Fè W Kalifye yo Ankò.** Men ki sitiyasyon k ap fè nou anile Kontra sa a:
 - A. Nan dènye jou nan mwa kote w gen 19 lane a; oswa
 - B. Nan dat ou enskri nan pwogram Medicaid la; oswa
 - C. Date ou vin gen lòt pwogram asirans ki kouvri w (sa gen lada 1 yon asirans ou pran poukонт ou oswa ou genyen grasa konpayi w ap travay la, sendika oswa lòt òganizasyon.)
4. **Anilasyon Pwogram Child Health Plus la.** N ap anile Kontra sa a Otomatikman nan dat lwa Eta Nouyòk la deside pwogram Child Health Plus la ap anile oswa Eta a anile Kontra sa a oswa lè nou pa jwenn finansman pwogram Child Health Plus Eta Nouyòk la ankò.
5. **Rezon Nou Genyen pou Nou Anile Kontra sa a.** Nou ka anile kontra sa a nenpòt lè pou youn oswa plizyè nan rezon ki annapre yo:
 - A. Ou te fè magouy lè w t ap enskri pou Kontra sa a oswa lè w t ap resevwa nenpòt sèvis.
 - B. Nenpòt lòt rezon nou gen nan dosye nou ak Direktè Jeneral Asirans lan nan moman anilasyon sa a e li apwouve. N ap voye yon kopi rezon sa yo ba ou. N ap ba w trant (30) jou pou pi plis anvan nou voye yon avi ekri anilasyon an ba ou.
 - C. Nou pa bay Kategori Kontra pa w la ladan 1 lan ankòe n ap voye yon avi ekri ba ou senk mwa pou pi plis anvan nou anile Kontra sa a.
 - D. Si w pa bay dokiman nou mande pou renouvèlman an.
6. **Rezon W Genyen pou Nou Anile Kontra sa a.** Ou ka anile Kontra sa a nenpòt lè e w dwe fè n konn sa omwen yon mwa alavans. N ap remèt ou nenpòt montan nan tarif la ou te peye alavans pou Kontra sa a.

7. **Lè w mouri.** Kontra sa ap anile otomatikman nan dat ou mouri.
8. **Avantaj Aprè Anilasyon.** Si w andikape nèt nan dat Kontra sa a anile a e w te resevwa sèvis medikal pou maladi, blesi oswa lòt pwoblèm ki te lakoz ou andikape nèt la pandan w Kontra sa a te kouvri w la n ap kontinye peye pou maladi, blesi oswa pwoblèm ki gen rapò ak andikap total ou a pandan yon peryòd san kanpe ou andikape nèt jiska premye nan dat ki annapre yo:
 - Yon dat nou analize e nou wè ou pa andikape ankò; oswa
 - Yon dat douz (12) mwa apati dat Kontra sa a anile a.

Nou p ap peye pou plis swen pase sa w t ap resevwa si asirans ou dapre Kontra sa a pa t anile.

9. **Ranplasman Asirans Ki Anile.** MetroPlus Health Plan lan pa gen lisans pou l ofri asirans pou biznis, sof plan asirans pou gwoup anplwaye k ap travay pou New York City Health and Hospitals Corporation. Si kontra sa a anile paske w vin gen 19 lane oswa paske pwogram Child Health Plus la fini, n ap ba w enfòmasyon konsènan lòt konpayi asirans ki vann asirans maladi.

SEKSYON DOUZ - DESIZYON AK PLENT

Kontestasyon

Gen kèk tretman ak sèvis ou bezwen jwenn apwobasyon pou yo anvan w resevwa yo oswa pou w ka kontinye resevwa yo. Se sa yo rele **otorizasyon alavans lan. Lè w ap mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa yon demann otorizasyon sèvis.** Pwosesis sa a dekri pi devan nan manyèl sa a. Nenpòt desizyon nou pran pou nou refize yon demann otorizasyon sèvis oswa pou nou apwouve l pou yon kantite ki mwens pase sa w mande a rele yon **desizyon.**

Si w pa satisfè ak desizyon nou pran anrapò ak swen w yo, gen etap ou ka franchi.

Founisè w la ka mande von nou fè yon lòt analiz:

Si nou te pran yon desizyon anrapò ak demann otorizasyon sèvis ou a san nou pa t pale ak doktè w, doktè w la ka mande pou l pale ak Direktè Medikal plan an. Direktè Medikal la ap pale ak doktè w la nan espas yon jou ouvrab.

Ou ka depoze yon kontestasyon:

- Si w pa satisfè ak yon desizyon nou te pran oswa ak desizyon nou te pran anrapò ak demann otorizasyon sèvis ou a, ou gen 90 jou apre nou te fin di w desizyon nou pran an pou w depoze yon kotestasyon.
- Ou ka fè sa poukont ou oswa ou ka mande yon moun ou fè konfyans depoze kontestasyon an pou ou. Ou ka rele Sèvis Manm nan: **1-800-303-9626** si ou bezwen èd pou w depoze yon kontestasyon.
- Nou p ap trete w yon fason diferan oswa aji mal kont ou si w depoze yon kontestasyon.
- Kontestasyon an ka fèt nan telefòn oswa pa ekri. Si w depoze yon kontestasyon nan telefòn, apresa ou dwe voye l pa ekri.

N ap analize kontestasyon w lan ak metòd rapid la si:

- Ou menm oswa doktè w la mande pou nou analize kontestasyon w lan ak metòd rapid nou an. Doktè w la ap gen pou l esplike nan ki sans yon reta nan pwosesis la ap gen move konsekans sou sante w. Si nou refize demann ou te fè pou nou trete dosye w la ak metòd rapid la, n ap di w sa epi n ap analize kontestasyon w lan ak metòd nòmal la; oswa
- Si nou te refize demann ou te fè pou w kontinye resevwa swen w ap resevwa nan moman an oswa w bezwen pwolonje yon sèvis yo te ba w.
- Analiz kontestasyon rapid la ka fèt nan telefòn e w pa bezwen voye l pa ekri apre sa.

Sa k ap pase lè nou fin resevwa kontestasyon w lan:

- Nan espas 15 jou, n ap voye yon lèt pou ou pou n pou fè w konnen n ap travay sou kontestasyon w lan.
- Se pwofesyonèl swen sante kalifye ki pa t patisipe nan premye desizyon an ki pral pran desizyon konsènan kontestasyon dosye medikal ou a, e omwen youn ladan yo ap patisipe nan revizyon medikal la.
- Se moun ki travay nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te pran premye desizyon w lan ki pral pran desizyon ki pa medikal yo.
- Anvan ak pandan kontestasyon an ou menm oswa reprezantan w lan ka wè dosye w la, ki gen dosye medikal yo ak nenpòt lòt dokiman ak dosye y ap itilize pou yo pran yon desizyon sou dosye w la ladan l.
- Ou ka bay enfòmasyon k ap sèvi pou pran desizyon an pèsòn oswapa ekri.
- N ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezònman medikal ki kore l, si sa koresponn ak sitiyasyon w. Si w toujou pa satisfè, n ap esplike w nenpòt lòt dwa kontestasyon w genyen oswa ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka depoze yon plent nan Ministè Sante Eta Nouyòk nan **1-800-206-8125**.

Delè Pou w Depoze Kontestasyon:

- Kontestasyon nòmal: Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap fè w konnen desizyon nou pran an nan espas trant jou apre w fin depoze kontestasyon w lan. N ap voye yon avi ekri k ap gen desizyon nou pran an nan espas 2 jou ouvrab apati jou nou te pran desizyon an.
- Kontestasyon rapid: Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap pran desizyon anrapò ak kontestasyon rapid yo espas 2 jou ouvrab apati jou nou resevwa kontestasyon an. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap pral di w sa nan espas 3 jou ouvrab apre w fin depoze kontestasyon w lan. N ap fè w konn desizyon nou an nan telefòn e apre sa n ap voye yon avi ekri pou ou.

Si nou bezwen plis enfòmasyon pou nou pran yon desizyon swa pou yon kontestasyon nòmal ou te depoze, oswa yon kontestasyon rapid, n ap:

- Ekri w pou n di w ki enfòmasyon nou bezwen. Si demann ou an nan yon revizyon rapid, n ap pral rele w tousuit e apresa n ap voye yon avi ekri pou ou.
- Di w poukisa reta a nan avantaj ou;

- Pran yon desizyon pa pita pase 14 jou soti nan jou nou te mande plis enfòmasyon yo.

Oumenm, founisè w la, oswa yon moun ou fè konfyans ka mande tou pou nou pran plis tan pou pran yon desizyon. Gendwa se paske ou gen plis enfòmasyon pou w ba asirans lan pou w ede nou pran yon desizyon anrapò ak dosye w la. Ou ka fè sa lè w rele nan **1-800-303-9626** oswa pa ekri.

Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka depoze yon plent nan asirans lan si w pa dakò ak desizyon nou pran an pou nou pran plis tan pou nou analize kontestasyon w lan. Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka rele nan **1-800-206-8125** pou nou depoze yon plent nan Ministè Sante Eta Nouyòk konsènan kantite tan sa apran pou nou analize dosye w la.

Si nou pa pran yon desizyon anrapò ak kontestasyon w lan, n ap chanje premye desizyon nou te pran otomatikman, sa ki vle di demann otorizasyon pou sèvis ou a ap awouye.

Èd pou w Kontinye pandan w ap konteste yon desizyon anrapò ak swen w:

Nan kèk sitiyasyon, li ka posib pou w kontinye resevwa sèvis yo pandan w ap tann pou nou pran yon desizyon anrapò ak dosye kontestasyon w lan. Li ka posib pou w kontinye resevwa sèvis ki gen pou fini oswa diminye yo si w depoze yon kontestasyon:

- Nan espas dis jou soti nan jou nou te fè w konnen nou refize demann ou a oswa swen w ap resevwa yo ap chanje; oswa
- Disi dat chanjman nan sèvis yo gen pou l fèt la.

Si w ap fè kontestasyon, petèt w ap oblige peye pou tout sèvis ou kontinye resevwa.

Kotestasyon Endepandan

Si asirans lan deside refize kouvri yon sèvis medikal oumenm ak doktè w la te mande paske l pa nesesè pou sante w oswa paske l ap fèt nan kad yon eksperyans oswa envestigasyon, ou ka mande Eta Nouyòk yon **kotestasyon endepandan**. Sa rele yon kontestasyon endepandan paske se moun k ap analize l yo p ap travay pou asirans lan oswa pou eta a. Moun sa yo k ap fè analiz la se moun ki kalifye e Eta Nouyòk apwouye. Sèvis la dwe nan pake avantaj Asirans lan oswa li dwe yon tretman k ap fèt nan kad yon eksperyans. Ou pa gen pou w peye pou yon kontestasyon endepandan.

Anvan w voye kotestasyon w lan bay eta a:

1. Ou dwe te gentan voye yon kontestasyon bay asirans lan e asirans lan voye repons negatif ba ou; **oswa**
2. Si w te gen yon kontestasyon rapid e w pa satisfè ak desizyon asirans lan pran an, ou ka chwazi depoze yon kontestasyon nòmal nan asirans lan oswa mande yon **kontestasyon endependan** dirèkteman; **oswa**
3. Oumenm ak asirans lan ka dakò pou nou pase sou pwosesis kontestasyon asirans lan epi al mande yon kontestasyon endependan dirèkteman

Ou gen 45 jou apre w fin resevwa dènye desizyon negatif asirans lan pou w mande yon kontestasyon endependan. Si oumenm ak asirans lan te dakò pou nou pase sou pwosesis kontestasyon asirans la, lè sa a, ou dwe mande yon kontestasyon endependan nan espans 45 jou apre nou fin dakò sou sa.

Gen lòt kontestasyon ki ka disponib ou ka fè kont asirans maladi w si w ta vle sèvi avè yo. Men, si w vle yon kontetasyon endependan, ou dwe toujou depoze aplikasyon an nan Depatman Sèvis Asirans Eta Nouyòk espas 45 jou apati dat asirans lan ba ou avi pou dènye desizyon negatif la oswa lè oumenm ak asirans an te dakò pou retire pwosesis kontestasyon asirans lan.

W ap pèdi dwa w genyen pou w fè yon kontestasyon endependan si w pa ranpli yon aplikasyon pou yon kontetasyon endependan an atan.

Pou w mande yon kontestasyon endependan, ranpli yon aplikasyon epi voye l nan Depatman Sèvis Asirans Eta a. Ou ka rele Sèvis Kliyan an nan **1-800-303-9626** si w bezwen èd pou w depoze yon kntestasyon. Oumenm ak doktè w yo pral oblige bay enfòmasyon sou pwoblèm medikal ou a.

Men kèk fason ou ka jwenn yon aplikasyon:

- Rele Depatman Sèvis Asirans Eta a nan: **1-800-400-8882**
- Al sou sit entènèt Depatman Sèvis Asirans Eta a ki se www.ins.state.ny.us
- Kontakte plan asirans lan nan **1-800-303-9626**

Y ap pran yon desizyon sou kontestasyon endependan w lan nan espas 30 jou ouvrab. Yo ka bezwen plis tan (jiska senk jou ouvrab) si moun ki responsab analize kontestasyon endependan w lan mande plis enfòmasyon. Y ap fè oumenm ak asirans lan konnen desizyon final la nan espas de jou apre yo fin pran desizyon an.

Ou ka resevwa yon desizyon pi vit si doktè w la di yon reta ka gen konsekans grav sou sante w. Sa a rele yon **kontestasyon rapid**. Moun ki responsab pou analize

kontestasyon endependan an ap pran desizyon pou yon kontestasyon rapid nan twa jou oswa mwens. Moun k ap analize dosye a ap fè oumenm ak asirans lan konnen desizyon an tousuit nan telefòn oswa pa faks. Apre sa, y ap voye yon lèt ki gen desizyon an pou ou.

Fason Pou W Depoze Yon Plent

Plent:

Nou swete plan asirans maladi nou an ba w bon sèvis. Si w gen yon pwoblèm, pale ak PCP w la oswa rele oswa ekri Sèvis Manm nan. Pifò pwoblèm yo ka rezoud byen vit. Si w gen yon pwoblèm oswa yon kontestasyon anrapò ak swen w yo oswa sèvis ou yo, ou ka depoze yon plent nan asirans lan. N ap jere tout pwoblèm ki pa rezoud tousuit nan telefòn nan, ak nenpòt plent nou resevwa pa lapòs dapre pwosedi plent nou an ki dekri pi ba a.

Ou ka mande yon moun ou fè konfyans, (pa egzanp yon reprezantan legal, yon manm fanmi, oswa yon zanmi) pou l depoze plent lan pou ou. Si w bezwen èd nou paske w gen pwoblèm pou w tande oswa pou w wè, oswa ou bezwen sèvis tradiksyon, oswa èd pou w ranpli fòmilè yo, nou ka ede w. Nou p ap fè pwosesis la difisil pou ou oswa pran desizyon kont ou paske w depoze yon plent.

Ou gen dwa pou w kontakte Ministè Sante Eta Nouyòk tou konsènan plent ou a nan **1-800-206-8125** oswa ekri nan: NYSDOH Office of Managed Care, Bureau of Managed Care Certification and Surveillance, Room 1911 Coming Tower ESP, Albany, NY 12237. Ou ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal nan zòn ou an tou konsènan plent ou a nenpòt lè. Ou ka rele Depatman Sèvis Asirans Eta Nouyòk nan **1-800-342-3736** si plent ou a gen rapò ak kesyon fakti.

Fason Pou W Depoze Yon Plent Ak Asirans Lan:

Pou w depoze l nan telefòn, rele Sèvis Kliyan an nan **1-800-303-9626** soti lendi pou rive samdi, soti 8AM pou rive 8PM. Si w rele lè nou fèmen, kite yon mesaj. N ap tounen w apèl la nan pwochen jou ouvrab la. Si nou bezwen plis enfòmasyon pou nou pran yon desizyon, n ap di w sa.

Ou ka voye Plent ou a ale pa ekri tou. Ou dwe voye l bay:

**MetroPlus Health Plan
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004**

Attention: Member Services

Sa k ap pase apre:

Si nou pa rezoud pwoblèm nan tousuit nan telefòn oswa apre nou fin resevwa plent ou a pa ekri, n ap voye yon lèt pou ou nan espas 15 jou ouvrab. Lèt la ap fè w konnen:

- moun k ap travay sou plent ou a
- fason pou w kontakte moun sa a
- si nou bezwen plis enfòmasyon

Youn oswa plizyè moun kalifye ap analize plent ou a. Si plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante kalifye pral analize dosye w la.

Apre nou fin analize plent ou a:

- N a fè w konnen desizyon nou pran an nan 45 jou yo ki vini apre nou fin gen tout enfòmasyon nou bezwen pou pran yon desizyon anrapò ak plent ou a, men n ap kontakte w nan 60 jou pou pita apati jou nou te resevwa plent ou a. N ap ekri w, epi n ap di w rezon ki fè se desizyon sa a nou pran.
- Si yon delè ta ka reprezante yon danje pou sante w, n ap fè w konnen desizyon nou an nan 48 jou apati jou nou fin gen tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon sou plent ou a, men n ap kontakte w nan 7 jou apati jou nou resevwa plent ou a. N ap rele w pou nou di w desizyon nou pran an oswa eseye kontakte w pou n fè w konnen. W ap resevwa yon lèt apre apèl nou an nan 3 jou ouvrab.
- N ap di w sa pou w fè pou w konteste desizyon nou an si w pa satisfè epi n ap mete tout fòmilè ou ka bezwen yo.
- Si nou pa ka pran yon desizyon konsènan Plent ou a paske nou pa gen ase enfòmasyon, n ap voye yon lèt ba ou pou n fè w konn sa.

Kontestasyon Anrapò ak yon Plent:

Si w pa dakò ak yon desizyon nou pou pran anrapò ak plent ou a, oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka depoze yon **kontestasyon anrapò ak yon plen** nan asirans la.

Fason pou w fè yon kontestasyon anrapò ak yon plent:

- Si w pa satisfè ak desizyon nou an, ou gen omwen 90 jou apre w fin resevwa desizyon nou an pou w depoze yon kontestasyon;
- Ou ka fè sa poukont ou oswa mande yon moun ou fè konfyans depoze plent lan pou ou;
- Kontestasyon an dwe fèt pa ekri. Si w depoze yon kontestasyon nan telefòn, li dwe voye l pa ekri apre sa.

Sa k ap pase lè nou jwenn plent anrapò ak kontestasyon w lan:

Lè nou fin resevwa kontestasyon anrapò ak plent ou a, n ap voye yon lèt ba ou nan espas 15 jou ouvrab. Lèt la ap fè w konnen:

- moun k ap travay sou plent ou a
- fason pou w kontakte moun sa a
- si nou bezwen plis enfòmasyon

Youn oswa plizyè moun kalifye ki nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te pran premye desizyon anrapò ak plent ou a pral analize kontestasyon anrapò ak plent ou a. Si kontestasyon anrapò ak plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante ki kalifye pral analize dosye w la, e ap gen omwen youn ladan yo k ap patisipe nan revizyon medikal la, ki pa t patisipe nan premye desizyon konsènan plent ou a.

Si nou jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap fè w konn desizyon nou pran an nan 30 jou ouvrab. Si yon reta ta met sante w an danje, w ap jwenn desizyon nou an nan 2 jou ouvrab apati jou nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon konsènan kontestasyon an. N ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezònman medikal ki kore l, si sa koresponn ak sitiyasyon w. Si w pa satisfè toujou, oumenm oswa yon moun ka depoze yon plent nan non w nenpòt lè nan Ministè Sante Eta Nouyòk la nan **1-800-206-8125**.

SEKSYON TRÈZ - DISPOZISYON JENERAL

1. **Transfè pa posib.** Ou pa ka transfere avantaj ki nan Kontra sa a. Nenpòt transfè oswa si w eseye fè transfè, esè a ap anile. Transfè vle di transfere dwa w genyen pou w resevwa avantaj Kontra sa a bay yon lòt moun.
2. **Demach Legal.** Ou gen douz (12) mwa pou w fè nenpòt demach legal kont nou dapre Kontra sa a apati dat nou ta refize peye yon sèvis dapre Kontra sa a. Si w ap fè demach legal kont nou pou blesi ou genyen, lanmò san pa gen yon bon rezon pou sa oswa dega nan yon batiman oswa byen pèsonèl, ou dwe ranpli yon fòmilè Avi Reklamasyon nan espas katrevendis (90) jou jan sa mansyone nan Sekyon 50-i Lwa Minisipal Jeneral la.
3. **Chanjman nan Kontra a.** Nou ka chanje Kontra sa epi Direktè Jeneral Sèvis Asirans pou Eta Nouyòk la apwouve l. N ap voye yon avi ekri pou ou omwen 30 jou alavans pou nou fè w konn sa.
4. **Dosye Medikal.** Nou dakò pou nou kenbe dosye medikal ou yon konfidansyèl. Pou nou ka aplike Kontra sa a, nou ka bezwen resevwa dosye medikal ou ki nan lopital, nan men doktè oswa lòt espesyalis ki te ba w swen. Lè w gen asirans dapre Kontra sa a, ou ba nou otorizasyon pou nou resevwa epi sèvi ak dosye sa yo.
5. **Kiyès K Ap Resevwa Pèman Dapre Kontra Sa A.** N ap peye founisè ki gen kontra avè nou yo pou yo ba w sèvis. Si w resvwa sèvis ki kouvri nan men nenpòt lòt founisè, se nou k ap deside si se ou menm oswa founisè a n ap peye.
6. **Avi** Nenpòt avi dapre Kontra sa a dwe ale pa mwayen lapòs Etazini, tenb lapòs ki peye alavans, nan adrès ki annapre yo:

Si MetroPlus Health Plan
oumenm k50 Water Street, 7th Floor
ap voye 1 New York, NY 10004
pou nou:

Si se nou k Nan dènye adrès ou te
ap voye 1 bay lè w t ap enskri a
pou ou: oswa fòmilè ofisyèl
 chanjman adrès la.

PATI II

ENFÒMASYON AK SÈVIS ESPESYAL METROPLUSHEALTH

A- SA PLAN METROPLUS HEALTH LA YE

MetroPlus Health Plan se yon òganizasyon ki ede moun jere sante yo (yon "HMO") ki bay yon seri avantaj swen sante tankou kouvèti pou swen pou moun fè prevansyon ansanm ak tretman pou maladi ak blesi. Se New York City Health and Hospitals Corporation (HHC) ki mèt e k ap jere Asirans MetroPlus Health la. Founisè ki gen kontra avè nou yo gen ladan yo anpil lopital HCC ak sant sante ansanm ak anpil lòt founisè swen sante nan kominate w la.

MetroPlus Health Plan gen biwo nan adrès ki annapre yo:

MetroPlus Health Plan
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004

B - KÒMANSE AK METROPLUSHEALTH

Lèt byenvini, kat idantifikasyon (ID) ak kat preskripsiyon: Lè pwosesis enskripsiyon w lan fini, n ap voye yon lèt byenvini pu ou k ap di w ki dat asirans ou a ap kòmanse. Ou ta dwe resevwa ka idantifikasyon (ID) MetroPlus Child Health Plus ou a ak kat preskripsiyon w lan lè enskripsiyon w lan ofisyèl. Kat idantifikasyon w lan ap gen non w, adrès ou, nimewo idantifikasyon w, non w ak nimewo telefòn Doktè Jeneralis w ap suiv la, ansanm ak "dat ofisyèl" ou a (ki se dat asirans ou a kòmanse a). Si gen nenpòt nan enfòmasyon sa yo ki pa kòrèk oswa ou pa resevwa yon kat nan bwat ou resevwa koli a, tanpri rele Sèvis Manm nou an nan gratis nan **1-800-303-9626**. Si w bezwen sèvis anvan kat ID w la rive, ou ka montre founisè w la lèt byenvini w la. Founisè w la ka rele Sèvis Manm nan pou l konfime ou gen asirans avè nou.

Seyans enfòmasyon pou nouveau manm nou yo: Lè w enskri nan MetroPlus Health Plan, w ap resevwa yon lèt k ap envite w nan yon seyans enfòmasyon pou nouveau manm. Seyans enfòmasyon an ap fèt nan yon sant sante w ap ka ale ki nan kominate w la. Yon Reprezantan Sèvis Manm MetroPlusHealth la ap ba w plis enfòmasyon konsènan avantaj Child Health Plus ou a ak fason pou w sèvi ak Asirans lan. Nou swete w ap vini.

Premye egzamen pou verifye eta sante w. Yon "premye egzamen" se yon verifikasyon konplè. Nou konseye w fè l e nou peye pou li. PCP w la ap rasanble enfòmasyon konplè sou sante w pou l ka powpoze w yon vizit suivi ansanm ak vaksen (piki pou evite maladi). Premye egzamen an se yon bon fason pou w aprann konn doktè jeneralis (PCP) ou pral suiv la tou. **Enfòmasyon Enpòtan:** Si w gen yon pwoblèm sante anvan premye egzamen ki gen pou fèt la, tanpri rele PCP a epi pran yon randevou ki pi pre.

Nan premye konsiltasyon ak PCP a, li ka mande w pou w siyen yon fòmilè konsantman pou l al chèche dosye medikal ou genyen nan lòt klinik oswa lopital. Sa se yon bagay ki abitye fèt. Lè espesyalis yo gen enfòmasyon konplè sa ap ede yo bay pi bon swen posib.

Planifye randevou. Pou w pran oswa chanje yon randevou, ou ka rele klinik ou suiv la. Si w bezwen anile oswa chanje l, tanpri rele kou sa posib. Si w kapab, rele omwen 24 èdtan anvan randevou ki planifye a. Konsa, ou libere dat la pou yon lòt moun. Lè w rele, se pou w prepare w pou w bay non w, Nimewo ID MetroPlusHealth Child Health Plus ou a ak Nimewo Dosye Medikal ou.

C - RESPONSABLITE MANM NAN

Misyon nou se pou nou ba w swen sante ki rapid, ki demonstre respè, e ki bon kalite. Men fason w ka ede nou:

1. Toujou mache ak kat ID MetroPlusHealth Child Health Plus ou a ak kat famasi w la.
2. Kenbe randevou w yo epi rive alè. Si w bezwen anile yon randevou, tanpri fè sa a omwen 24 èdtan alavans, oswa kou sa posib.
3. Fè PCP w la konnen nenpòt chanjman ki gen nan eta sante w, tankou si w vin ansent.
4. Jwenn otorisasyon ak referans ki ekri alavans lè sa nesesè.
5. Sonje revouvre chak ane pou enskripsyon w lan ka kontinye.
6. Fè Sèvis Manm nan konnen si w chanje adrès ak nimewo telefòn.

D - IJANS GRAV AK SWEN ANN IJANS

Lè w gen yon ijans grav, rele 911 epi suiv enstriksyon yo oswa ale nan Ijans Lopital ki pi pre a, tousuit. Men kèk egzanp ijans grav:

- Zo kase
- Pwoblèm pou w respire
- Kriz oswa latranblad
- W ap senyen anpil
- Danje pou w pèdi yon bra oswa yon pye
- Ovèdòz medikaman
- Ou pèdi konsyans
- Yon pati nan kò w annik rete 1 rèd
- Pèdi kapasite pou w Pale
- Doulè nan lestomak
- Arè kadyak
- Konjesyon selebral

Si w ansent, ou ka sisplèk ou gen yon ijans si w ap senyen chouchoun, gwo doulè nan vant oswa kranp oswa ou kase lezo oswa dlo a ap koule.

REMAK: Si w al nan yon Sal Ijans (nan yon Lopital ki gen Kontra avè nou oswa ki pa gen Kontra avè nou), oumenm oswa yon lòt moun dwe rele Depatman Sèvis Kliyan an nan jou ouvrab ki vin apre a nan **1-800-303-9626**). N ap met fè PCP w la konnen w t al nan Sal Ijans lan pou w ka resevwa swen ki apwopriye a apre sa.

Pa tèlman yon Ijans Grav--men sa Enpòtan! Yon pwoblèm ijan enpòtan, men w pa oblige al nan yon Sal Ijans. Men kèk egzanp pwoblèm ki ijan anjeneral men ki pa ijans grav:

- Yon vye grip
- Lafyèv
- Yon gwo zòrèy fè mal

Si gen yon pwoblèm ijan oswa ou pa fin konnen nan ki pwen pwoblèm nan grav, rele klinik doktè w la lè ou ouvri (soti 8:30 AM pou rive 5:30 PM). Y ap ba w yon randevou ijan ak PCP w la oswa yon pwofesyonèl sante ap di w ki swen ki nesesè.

E Si Klinik Doktè W La Fèmen? Pa enkyete w. Rele Liy Dirèk Pou Swen Sante a ki ouvri 24 sou 24 nan **1-800-442-2560**. Bay operatè a non w, nimewo ID Child Health Plus ou a, non PCP w la ak adrès klinik PCP w la. Eslike pwoblèm nan. N ap:

- Mete w an kontak dirèk ak founisè w la, oswa
- N ap voye w nan Sal Ijans ki la.

E - JWENN SWEN NAN SITIYASYON ESPESYAL

Referans kay yon Espesyalis Pou w wè yon espesyalis, doktè jeneralis ou a dwe ba w yon referans anvan. Pcp a ap deside ki espesyalis ou dwe wè e 1 ap ranpli fòmilè referans lan. L ap voye fòmilè referans lan bay espesyalis la pa faks oswa pa lapòs oswa ou ka mache ak yon kopi fòmilè a lè w pral wè espesyalis la. Doktè w la ap ede w pran yon randevou ak espesyalis la. Seksyon 7 nan Kontra Manm nan (Pati I

nan ti liv sa a) ba enfòmasyon konsènan kilè yon espesyalis ka PCP w la e konsènan referans ki p ap chanje pou w al wè espesyalis e pou w al nan sans sante ki bay swen espesyal.

Si nou pa gen yon espesyalis nan rezo MetroPlusHealth la ki ka ba w swen w bezwen an, n ap chèche youn ki pa nan rezo a. Anvan w al wè yon espesyalis, doktè w la dwe mande MetroPlusHealth yon referans. Si w santi w bezwen al wè yon espesyalis tousuit, paske w gen yon ijans grav, doktè w la pa bezwen rele pou nou ba l yon referans.

Pou l jwenn referans lan, doktè w la dwe ba nou kèk enfòmasyon. Kou nou jwenn tout enfòmasyon yo, n ap deside nan espas 3 jou ouvrab si w ka wè espesyalis ki pa nan rezo a. Men, nou p ap janm pran plis pase 14 jou apati dat nou resevwa demann nan pou nou pran desizyon sa a. Oumenm oswa doktè w la ka mande yon revizyon rapid si doktè w la panse yon reta ap gen gwo konsekans negatif sou sante w. Nan ka sa a, n ap pran desizyon an e n ap kontakte w nan 3 jou ouvrab.

Si w pa dakò ak desizyon MetroPlusHealth la, ou ka depoze yon kontestasyon (gade paj 28 manyèl sa pou w wè fason pou w fè sa a). Ou ka rele Sèvis Kliyan MetroPlusHealth la tou nan **1-800-303-9626**.

Si PCP w l oswa MetroPlusHealth refere w bay yon founisè ki pa nan rezo nou an, ou pa responsab okenn nan depans yo sof nenpòt kopèman jan sa dekri nan manyèl sa a.

Sèvis Kay Jinekològ Ou Deside Al Konsilte. Ou pa bezwen yon referans nan men doktè jeneralis ou a pou w pran yon randevou ak yon jinekològ ki gen kontra ak MetroPlusHealth. Espesyalis sa ka yon obsetrisyen, jinekològ, enfimyè ki resevwa fòmasyon pou l trete kèk pwoblèm medikal oswa yon fanm saj lisansye.

Depistaj VIH ak Ankadreman. Tout depistaj VIH ak ankadreman konfidansyèl. Si w vle fè tès, ou ka al nan yon klinik ki gen kontra ak MetroPlusHealth. Oswa, ou ka al nan yon pwogram depistaj anonim nan Vil Nouyòk oswa Eta Nouyòk kote se sèl ou menm k ap konn rezulta tès ou a. Kèlkeswa jan sa fèt, ou pa bezwen yon referans.

Si **w ansent**, ou menm ak bebe w la ka kalife pou Medicaid. N ap di w fason pou w konn sa a si se sa. Rele Sèvis Manm nou an nan **1-800-303-9626**.

Sèvis ki gen rapò ak operasyon pou koupe tete w. Si w fè yon operasyon pou w koupe tete w, ou ka resevwa sèvis ki gen rapò ak operasyon sa a tankou rekonstriksion ak operasyon pou fè tete yo nan menm pozisyon, fo tete, ak tretman konplikasyon yo

akoz yo te koupe tete yo (tankou lè yon manm anfle ak dlo). Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm nou an nan **1-800-303-9626**.

F - ANALIZ NAN KAD ITILIZASYON

Analiz nan kad itilizasyon se etap nou suiv nou deside si tretman an nesesè pou sante w e si MetroPlusHealth ap otorize l oswa peye pou li. Ekip UR nou an disponib soti 8:30 AM pou rive 5:00 PM, soti Lendi pou rive Vandredi.

Ou ka rele Sèvis Manm nan nou an nan **1-800-303-9626** oswa ou ka voye demann ou an pa faks nan **212-908-8521**. Yon reprezantan Sèvis Manm nan ap reponn nenpòt kesyon w genyen sou pwoesisis la epi l ap transfere apèl ou a bay Depatman Analiz pou Itilizasyon an (UR), si sa nesesè.

Nou gen yon nimewo Liy Dirèk Pou Swen Sante ki ouvri 24 sou 24 ki se **1-800-442-2560** pou w itilize si w èd ak yon pwoblèm sante. Ekip UR la apreponn mesaj ou a nan pwochen jou ouvrab la.

Otorizasyon alavans: PCP w la oswa MetroPlusHealth dwe apwouve sèvis ki annapre alavans (otorize alavans), jan sa a mansyone a.

PCP ka bay referans pou:

- Swen nan men yon espesyalis.
- Ekipman medikal ki dire anpil tan.
- Rasyoloji (sa gen ladan l IRM, CT, elt.)
- Sèvis laboratwa.
- Swen adomisil.
- Verifye si moun nan ki gen pwoblèm pou tandem.

PCP yo dwe gen otorizasyon MetroPlusHealth alavans pou:

- Yon referans pou yon espesyalis ki p ap chanje.
- Pou moun nan entène lopital lè sa pa obligatwa.
- Yon tretman pou pasyan ki pa entène lopital lè sa pa obligatwa.
- Referans kay yon founisè ki pa nan rezo MetroPlusHealth la.

Lè gen yon demann pou yon otorizasyon alavans fèt, UR ap pran desizyon an e y ap fè w konn sa desizyon an ye (oswa y ap di yon reprezantan w chwazi sa desizyon an ye) e y ap di founisè k ap ba w swen an sa nan espas twa jou ouvrab, lè MetroPlusHealth fin resevwa efòmasyon yo bezwen pou yo pran desizyon an.

UR Nan moman an: Lè gen yon demann pou yon otorizasyon fèt pou yo kontinye oswa pwolonje yon tretman nou te otorize w ap resevwa nan moman an, n ap pran desizyon an e y ap fè w konn sa desizyon an ye e y ap di founisè k ap ba w swen an sa nan espas yon jou ouvrab, lè MetroPlusHealth fin resevwa enfòmasyon yo bezwen pou yo pran desizyon an.

Lè w fin resevwa yon sèvis: Lè analiz nan kad itilizasyon an gen rapò ak pèman sèvis ou gentan resevwa, n ap pran yon desizyon e n ap fè founisè a konn sa pa ekri nan espas trant jou lè nou fin resevwa tout enfòmasyon nou bezwen yo.

Si MetroPlusHealth pa pran yon premye desizyon nan limit tan sa dwe fèt la, sa vle di se yon desizyon negatif ou ka konteste.

Avi desizyon negatif: Si MetroPlusHealth deside sèvis yo mande otorizasyon oswa pèman pou li a pa oswa pa t nesesè pou sante w, n ap bay rezon ki fè se desizyon sa a nou pran e n ap esplike w fason ou menm oswa founisè w la ka fè yon kontestasyon si nou pa satisfè.

Yon lòt analiz ak kontestasyon: Si nou desize nou p ap bay otorizasyon pou yon sèvis founisè swen sante w la rekòmande e nou pa t pale ak founisè sa a, founisè a ka mande nou pou nou fè yon lòt analiz anrapò ak desizyon an. N ap refè lòt analiz la nan espas yon jou ouvrab apre nou fin resevwa demann nan. Ou ka konteste yon desizyon negatif. Gade Seksyon 11 nan Pati I nan ti liv sa a (Kontra Manm nan) pou plis enfòmasyon konsènan kontestasyon UR MetroPlusHealth la ak kontestasyon endepandan pou Eta Nouyòk.

MetroPlusHealth ka chanje yon sèvis tretman, oswa pwosedi li te fin bay otorizasyon pou li, (1) lè enfòmasyo medikal enpòtan yo voye pou nou yo differan de enfòmasyon yo te voye ba nou pandan analiz pou otorizasyon alavans lan; e (2) enfòmasyon medikal enpòtan yo voye pou nou te disponib nan moman nou t ap bay otorizasyon alavans lan e nou wè sa pandan n ap fè yon analiz nan pase men yo te sere enfòmasyon sa yo oswa yo pa t voye yo pou nou; e (3) nou pa okouran de enfòmasyon sa yo nan moman nou t ap fè analiz pou nou bay otorizasyon alavans la; e (4) si nou te okouran de enfòmasyon sa yo, nou pa t ap bay otorizasyon pou tretman an, sèvis, oswa pwosedi yo mande nou an. Nou sèvi ak menm prensip, kritè oswa pwosedi pou nou fè analiz pou nou bay otorizasyon alavans lan lè n ap pran desizyon nou an.

G - JWENN ÈD NAN MEN SÈVIS MANM NOU AN

Reprezantan Sèvis Manm MetroPlusHealth yo la a pou ede w. Si w gen yon pwoblèm, plent, oswa ou jis bezwen enfòmasyon, suiv etap sa yo:

1. Rele Sèvis Manm nan soti lendi rive vandredi, soti 8 AM pou rive 8 PM nan nimewo gratis la ki se **1-800-303-9626**. Yon Reprezantan Sèvis Manm nan ap ede w rezoud pwoblèm ou an oswa ba w enfòmasyon w bezwen an.
2. Ou ka rele nan lè nou pa ouvri tou si w gen yon pwoblèm nan pou Sèvis Manm nan ou panse ki pa ka ret tann. Ap gen yon machin k ap reponn apèl ou a e k ap di w ki enfòmasyon pou w bay. Yon Reprezantan Sèvis Manm nan ap tounen apèl la nan pwochen jou ouvrab la.
3. Si w gen yon pwoblèm ki pa rezoud lè w rele Sèvis Manm nan, ou ka depoze yon plent ofisyèl avè nou oswa voye yon pllent nan Ministè Sante Eta Nouyòk. (Gade Seksyon 11 pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w fè sa.)

Pandan Reprezantan Sèvis Manm nou yo ap toujou eseye ede w rezoud pwoblèm ak enkyetid ou genyen yo, ou ta dwe toujou kontakte PCP w la anvan konsènan pwoblèm sante w la.

H - ÈD POU MANM KI PA PALE ANGLÈ AK SA K GEN PWOBLÈM POU YO TANDE OSWA POU YO WÈ YO

Apre Anglè, liv sa a disponib nan lang Kreyòl Ayisyen. Li disponib nan Bray ak sou fòma odyo tou.

Lis founisè nou an gen lis lang founisè nou yo pale apre Anglè. Gen sèvis entèprèt ki disponib kot anpil nan founisè nou yo. Nou gen Reprezantan Sèvis Manm ki ka pale Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Ris ak Chinwa. Si sa neseè, n ap fè aranjman pou sèvis entèprèt ak ATT Language Bank.

Manm ki gen pwoblèm pou yo tandé yo ki gen aksè ak yon machin TDD ka rele **1-800-881-2812** pou yo poze kesyon yo genyen yo.

I - PREVANSYON MAGOUY

Ou ka ede nou fè prevansyon magouy anrapò ak swen sante. Pwoteje kat idantifikasiyon MetroPlus Health Plan ou a menm jan w t ap fè sa pou kat kredi w. Fè atansyon pou w pa bay etranje nimewo ID w la. Yon moun ka sèvi ak kat ou a pou l fè magouy. Si yo vòlè kat ou a, rele Sèvis Pou Manm MetroPlusHealth la tousuit. Epitou, si w resevwa yon fakti pou sèvis MetroPlusHealth ta sipoze peye, rele Sèvis Manm nan.

J - OFFICE OF PROFESSIONAL MEDICAL CONDUCT

Ou ka rele Office Of Professional Medical Conduct ki nan Eta Nouyòk la si w gen kesyon konsènan lisans founisè w la. Rele gratis nan **1-800-663-6114** Lendi pou rive Vandredi, soti 8:30 AM pou rive 5:00 PM.

K - KONTRIBISYON MANM NAN POTE NAN RÈGLEMAN AK PWOSEDI NOU YO

Nou akeyi ak kè kontan ide w yo sou fason pou nou amelyore MetroPlus Health Plan lan. Tanpri pataje ide w avè nou, rele **1-800-303-9626** oswa ekri nou nan:

MetroPlus Health Plan
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004
Attention: Member Services Department

L - METÒD PÈMAN FOUNISÈ YO

MetroPlusHealth peye pou sèvis yo nan de fason. Pou swen jeneral, nou peye yon montan fiks chak mwa pou chak manm MetroPlusHealth. Montan an pa gen enpak sou kantite fwa ou al wè PCP w la oswa kantite sèvis pou swen jeneral ou resevwa. Pou tout lòt sèvis yo, founisè a voye fakti a pou nou pou sèvis ou te resevwa e nou peye dapre tarif nou gen nan kontra nou yo. Nou pa sèvi ak sistèm pou nou kenbe, pataje benefis, oswa lòt metòd pèman ki ka pouse doktè yo pou yo bay mwens sèvis.

M - LÒT ENFÒMASYON KI DISPONIB POU OU SI W MANDE YO

Enfòmasyon ki annapre yo disponib pou ou. Pou w mande yo, tanpri, rele Sèvis Manm nou an nan **1-800-303-9626**.

- Non ak adres ajan ak direktè MetroPlusHealth yo.
- Yon kopi rapò finansye pou dènye ane nou genyen ki disponib la.
- Enfòmasyon sou plent kliyan yo fè ki nan Depatman Sèvis Asirans.
- Pwosedi MetroPlusHealth konsènan enfòmasyon konfidansyèl.
- Yon lis medikaman n ap peye pou yo.
- Yon deskripsiyon sa nou fè pou nou asire nou swen yon bon kalite.
- Yon deskripsiyon fason nou deside pou nou apwouve nenpòt medikaman, aparèy oswa tretman k ap fèt nan kad yon eksperyans oswa envestigasyon.
- Enfòmasyon konsènan relasyon founisè swen sante nou yo gen ak lopital MetroPlusHealth.

- Prensip swen medikal ekri MetroPlusHealth genyen pou yon maladi oswa pwoblèm sante byen presi (demann nan dwe fèt pa ekri).
- Fason nou aplike pwosedi yo ak ki kalifikasyon minimòm pou founisè yo genyen pou yo siyen kontra ak MetroPlusHealth.
- Lòt enfòmasyon sou enstriksyon ki pi konplike.

N - LIS DWA MANM METROPLUSHEALTH YO

Men lis dwa Plan MetroPlus Health Plan bay manm k ap resevwa swen nan nenpòt sant sante ki gen kontra avè nou:

1. Dwa pou yo trete w ak swen, diyite ak respè, kèlkeswa eta sante w ou ak e jan w santi w nan domèn emosyonèl.
2. Dwa pou w gen enfòmasyon konplè konsènan dyagnostik, tretman ak rezulta nan yon langaj ou ka konprann byen fasil.
3. Dwa pou yo di w non, tit ak wòl nenpòt moun k ap patisipe nan swen w ap resevwa yo, ansanm ak enfòmasyon konsènan fòmasyon pwofesyonèl yo.
4. Dwa pou w resevwa enfòmasyon nesesè pou w ka bay konsantman w ki baze sou bonjan enfòmasyon anvan yo kòmanse ak nenpòt pwosedi oswa tretman (sof nan yon sitiyasyon ijans grav lè w pa ka bay konsantman w ki baze sou bonjan enfòmasyon).
5. Dwa pou w refize tretman nan nivo lalwa pèmèt, e pou yo di w nenpòt pwoblèm sante w ka genyen si w pa fè tretman an.
6. Dwa pou w resevwa swen medikal ann ijans lè w rive nan sal ijans yon lopital.
7. Dwa pou w resevwa swen ak tretman ki konfidansyèl e pou tout dosye medikal ou rete konfidansyèl sof si lalwa ta di yon lòt bagay.
8. Dwa pou doktè a, oswa reprezantan l, di w nenpòt bezwen espesyal ou genyen nan domèn medikal apre w fin egzeyate oswa yo fin transfere w.
9. Dwa pou w refize patisipe nan tretman ki fèt pou rechèch ak/oswa eksperyans nan kad swen oswa tretman w ap resevwa amwenske w gen tout konesans ou e w dakò.
10. Dwa pou w resevwa tretman san diskriminasyon ki fèt sou baz laj, ras, koulè po, reliyion, sèks, oryantasyon seksyèl ak peyi w soti.
11. Dwa pou w di sa w panse oswa depoze yon doleyans san w pa pè pou yo pa fè reprezay sou ou.
12. Dwa pou yo respekte desizyon w jwan w te mande sa nan Enstriksyon ki Konplike yo.

Nimewo telefòn enpòtan

Pou w jwenn èd nan men **Sèvis Pou Manm MetroPlusHealth la**, rele nan **1-800-303-9626 (TDD: 1-800- 881-2812)**

Si w gen kesyon oswa yon plent oswa ou bezwen lòt èd, rele Sèvis Pou Manm MetroPlusHealth la (gratis) soti 8:00 AM pou rive 8:00 PM, soti lendi pou rive samdi.

Swen Sante Nan Lè Yo Ouvri (soti 8:30 AM pou rive 5:30 PM, soti Lendi pou rive Vandredi)

Pou w fè chanjman nan yon randevou, oswa si w gen kesyon konsènan sante w oswa tretman medikal w ap resevwa, rele ka rele klinik ou suiv la. Ekri nimewo klinik w ap suiv la nan espas sa a:

Non	Nimewo Telefòn
PCP:	
Jinekològ:	
Lòt:	
Lòt:	

Lè yo fèmen, rele Liy Dirèk Pou Swen Sante a ki ouvri 24 sou 24 nan: 1-800-442-2560

Si w bezwen swen sante lè yo fèmen oswa nan wikenn, rele Liy Dirèk Pou Swen Santenou an (gratis) ki ouvri 24 sou 24 la. Anplwaye ki la pou reponn Liy Dirèk yo ap mete w an kontak ak PCP w la oswa, si PCP w la pa disponi, l ap mete w an kontak ak yon lòt founisè ki gen kontra ak MetroPlusHealth ki travay ak PCP w la e k ap ka ede w.

Sèvis Ijans

Lè w gen yon ijans grav, rele 911 epi suiv enstriksyon yo oswa ale nan Ijans Lopital ki pi pre a. Ijans grav ak Sèvis Pou Ijans Grav yo dekri nan paj 2.

Analiz MetroPlusHealth fè nan kad Itilizasyon

Pou w mande pou n revize yon desizyon nou te pran pou yon tretman nou te di ki pa nesesè pou sante w, rele Sèvis Manm nou an nan **1-800-303-9626**.

Yon reprezantan Sèvis Manm nan ap reponn nenpòt kesyon w genyen sou pwosesis la epi l ap transfere apèl ou a bay Depatman Analiz pou Itilizasyon an (UR), si sa nesesè.

Liy Dirèk Pou Plent nan Ministè Sante Eta Nouyòk: 1-800-206-8125

✓ MetroPlusHealth

Chè Manb MetroPlusHealth:

Menm jan ak anpil moun jodi a, ou ka ap mande tèt ou sa nou fè ak enfòmasyon pèsonèl sou ou asirans maladi w la resevwa yo. *Avi Konsènan Prensip Anrapò ak Enfòmasyon Konfidansyèl* ki annapre a ap ba w enfòmasyon konsènan dwa w genyen pou kesyon enfòmasyon konfidansyèl, enfòmasyon pèsonèl MetroPlus Health Plan lan rasanble, sa nou fè ak enfòmasuyon sa a, ak etap nou franchi pou nou kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl ak an sekrite.

Angajman konpayi nou an pou an rapò ak enfòmasyon konfidansyèl kliyan yo se pa yon bagay ki nou vo. Manm MetroPlusHealth nou yo te toujou fè nou konfyans ak enfòmasyon konfidansyèl yo depi lè nou egziste. Nou bay konsyans sa enpòtans e nou pran responsabilite nou genyen pou nou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl ou yo oserye anpil.

Tanpri, pran san w pou w byen li avi a. Ou pa bezwen reponn. Men, si w gen kesyon, nou t ap kontan reponn yo. Tanpri, rele Depatman Sèvis Manm nou an nan **1-800-303-9626** (TTY 1-800-881-2812).

Sensèman,

MetroPlus Health Plan



Anvigè 19 Jiyè 2022

MetroPlus Health Plan

50 Water Street, 7th Floor

New York, NY 10004

Sit Entènèt: www.metroplus.org

Telefòn Jeneral 1-800-303-9626

TTY: 711

Imel: PrivacyOfficer@metroplus.org

Enfòmasyon w.

Dwa w.

Responsablite w.

Avi sa a dekri fason yo ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou ak fason ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa a. **Tanpri gade l avèk atansyon.**

Dwa w

Depi se enfòmasyon sou sante w, gen kèk dwa ou genyen. Seksyon sa a eksplike dwa w yo ak kèk nan responsablite nou genyen pou nou ede w.

Jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon w yo.

- Ou ka mande pou w wè oswa jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon w ak lòt enfòmasyon konsènan sante w nou genyen pou ou. Mande nou fason pou w fè sa.
- N ap bay yon kopi oswa yon rezime dosye sante ak reklamasyon w, an jeneral nan espas 30 jou aprè w fin fè demann nan. N ap fè w peye \$0.75 (75 santim) pou chak paj kopi ou mande.

Mande nou pou nou korije dosye sante ak reklamasyon yo

- Ou ka mande nou korije dosye sante ak reklamasyon w yo si w panse yo pa kòrèk oswa yo enkonplè. Mande nou fason pou w fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou an, men n ap ekri w pou nou di w rezon an nan espas 60 jou.

Mande komunikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte w nan yon fason byen presi (pa egzanp, telefòn kay oswa biwo) oswa voye koli nan yon lòt adres.
- N ap konsidere tout demann ki rezonab, epi dwe di "wi" si w di nou w ap an danje si nou pa fè sa.

rè s la nan pwochen paj la

Dwa w (rès la)

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou sante pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo.
- Nou pa oblige dakò ak demann ou fè a, e nou ka di "non" si li ta ka gen konsekans sou swen w.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon avè yo

- Ou ka mande yon lis (rapò) ki gen kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante w pandan sis ane anvan dat ou te fè demann nan, moun nou te pataje yo, ak rezon ki fè nou te fè sa.
- Nou pral mete tout deklarasyon yo ladan I sof sa ki gen rapò ak tretman, pèman, ak operasyon swen sante, ak kèk lòt deklarasyon (tankou nenpòt sa w te mande nou fè). N ap bay yon sèl rapò pou yon ane gratis, men w ap peye yon tarif ki rezonab si w mande yon lòt nan espas 12 mwa.
- Pou w mande komunikasyon konfidansyèl, rele Depatman Sèvis Manm nou an nan 1-800-303-9626 (TTY: 711). Demann pou chanje oswa modifie kalite demann komunikasyon konfidansyèl sa yo dwe fèt pa ekri nan adrès ki mansyone pi ba a.

Jwenn yon kopi avi sou vi prive sa a

- Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt lè, menm si ou te dakò resevwa avi a pa mwayen elektwonik. N ap ba ou yon kopi papye san pèdi tan. Ou ka jwenn yon kopi avi sa a sou papye nenpòt lè si w rele Depatman Sèvis Manm nou an nan 1-800-303-9626 (TTY: 711).

Chwazi yon moun pou reprezante w

- Si w te bay yon moun dwa medikal oswa si yon moun responsab ou devan lalwa, moun sa a ka aplike dwa w yo epi pran desizyon konsènan enfòmasyon sante w.
- Nou pral asire nou moun nan gen pouvwa sa a e li ka pran desizyon pou ou anvan nou fè pran nenpòt desizyon.

Depoze yon plent si w santi yo pase dwa w yo anba pye

- Ou ka depoze yon plent si w nou te pase dwa w yo anba pye yo lè w kontakte nou pa mwayen enfòmasyon ki nan paj 1 an.
- Ou ka depoze yon plent nan Biwo Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pou Dwa Sivil lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oubyen ale sou www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints. Nou p ap gen pwoblèm avè w paske w depoze yon plent.

rès la nan pwochen paj la

Dwa w (rès la)

Ansyen Manm

- Si w pa manm MetroPlusHealth ankò, enfòmasyon w yo ap rete pwoteje daprè politik ak pwosedi nou yo pou manm nou genyen kounye a.

Chwa w yo

Pou kèk enfòmasyon sou sante, ou ka di nou sa pou nou pataje. Gen yon preferans klè pou jan nou pataje enfòmasyon w yo nan sitiyasyon ki dekri pi ba a. pale avè nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap suiv sa w mande nou fè a.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou w di nou pou nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki patisipe nan pèman swen w.
- Pataje enfòmasyon lè y ap bay sekou aprè yon katastwòf.
Si w pa ka di nou sa w prefere, pa egzanp si w enkonsyan, nou ka jis pataje enfòmasyon nou panse ki ka bon pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon tou lè sa nesesè pou nou diminye yon menas pou sante w oswa sekirite w ki grav e ki imedya.

Nan sitiyasyon ki vin annapre yo, we p ap janm pataje enfòmasyon w sof si ou ba nou yon otorizasyon ki ekri pou sa:

- Pou kesyon reklam
- Pou vann enfòmasyon w

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo

Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w? Jeneralman, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo.

Pou ede nan jesyon tretman swen sante ou resevwa

- Nou ka itilize enfòmasyon sante w e pataje li avèk espesyalis k ap ba w tretman yo.
- Pwodui oswa Pwogram Ki gen rapò ak Sante: MetroPlusHealth ka ba w enfòmasyon sou tretman medikal, pwogram pwodui ak sèvis.

Pa egzanp: Yon doktè enfòmasyon konsènan dyagnostik ak plan tretman w pou nou pou nou ka fè aranjman pou lòt sèvis.

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Enfòmasyon yo ba w yo ka gen nenpòt limit lalwa enpoze.

- Rapèl: MetroPlusHealth ka itilize epi pataje PHI ki konsène w (pa egzanp, lè yo rele w oswa yo voye yon lèt ba ou) pou fè w sonje yon randevou pou tretman oswa pou fè w sonje moman an rive pou w pran yon randevou pou yon konsiltasyon nòmal oswa vaksinasyon, oubyen pou bay enfòmasyon sou lòt tretman ("chwa yo") oubyen lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante ki ka nan enterè w.

Dirige òganizasyon nou an

- Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w yo pou nou jere òganizasyon nou an epi kontakte w lè sa nesesè.
- Nou pa gen otorizasyon pou nou itilize enfòmasyon jenetik pou nou deside si n ap ba ou asirans ak pri asirans sa a.** Sa pa aplikab pou plan swen k ap dire lontan.

Pa egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante w pou devlope pi bon sèvis pou ou.

Depatman Jesyon Kalite nan MetroPlusHealth ka itilize enfòmasyon sante w pou ede yo amelyore kalite pwogram, done ak pwosesis bizon yo. Pa egzanp, ekip jesyon kalite nou yo oswa enfimyè k ap travay sou kontra ki la pou fè verifikasyon yo ka gade dosye medikal ou a pou evalye kalite swen yo ba ou ak tout moun ki enskri nan Plan yo.

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w? Nou gen otorizasyon oswa obligasyon pou nou pataje enfòmasyon w nan lòt sitiayson - dabitid nan fason ki ka kontribiye ak byen publik la, tankou sante publik la ak rechèch. Nou dwe ranpli kondisyon daprè lalwa anvan nou pataje enfòmasyon w pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon ale sou:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

Jere plan w	Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ak moun k ap sipòte plan an nan kadjesyon plan an.	Pa egzanp: Kontra konpayi w la gen avè nou yo bay yon plan sante, e nou bay konpayi w la kèk done pou nou ka jistifye montan nou fè yo peye pou asirans lan.
Peye pou sèvis sante w	Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou lè nou peye pou sèvis sante w yo.	Pa egzanp: Nou pataje enfòmasyon sou ou ak plan swen pou dan w lan pou nou ka fè aranjman pou travay ki gen pou fèt nan dan w.
Bay swen bon kalite e bay sèvis yo yon fason ki efikas	MetroPlusHealth patisipe nan pataj enfòmasyon sante ki fèt grasa Heathix. Heathix se yon òganizasyon benevòl ki pataje enfòmasyon konsènan sante moun pa mwamen elektwonik e ki respekte prensip vi prive ak sekirite HIPAA ak Lwa Nouyòk yo. Avi sa a se pou nou enfòme pasyan nou yo ki jwe patisyon pa yo nan Heathix. MetroPlusHealth voye/telechaje Enfòmasyon Ki Pwoteje sou Sante pasyan nou yo pa mwamen elektwonik. Anplis, kèk anpliwaye MetroPlusHealth gen otorizasyon pou yo gen aksè ak enfòmasyon pasyan yo atravè Heathix men yo ka gen pou yo respekte lwa sou konsantman yo. An jeneral, pou jwenn konsantman pou gen aksè ak Heathix la, sa fèt nan mitan òganizasyon yo. Sepandan, pasyan yo gen chwa pou yo refize bay tout òganizasyon ki nan Heathix yo aksè. Si w vle refize bay konsantman pou tout òganizasyon Heathix yo gen aksè ak Enfòmasyon sou Sante w ki Pwoteje, ou ka fè sa tou lè w ale sou sit entènèt Heathix la nan www.healthix.org oswa rele Heathix nan 877-695-4749. Enfòmasyon konsènan pasyan yo ki nan Heathix sòti kote ki bay swen medikal oswa nan enfòmasyon asirans sante yo genyen (reklamasyon). Sous done sa yo gen ladan yo lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, asirans sante, pwogram Medicaid la ak lòt òganizasyon ki pataje enfòmasyon sante pa mwamen elektwonik. Yon lis ki ajou konsènan sous done sa yo disponib sou Heathix. Pasyan yo ka jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè, pou yo fè sa yo prale sou www.healthix.org oswa rele nan 1-877-695-4749.	

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Ede nan kesyon pwoblèm sante ak sekirite publik	Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w nan kèk sitiyasyon tankou: <ul style="list-style-type: none">○ Prevansyon maladi○ Bay rapò sou move reyakson ak medikaman○ Bay rappò sou posibilité pou gen yon abi, neglijans, oswa vyalans domestik○ Evite oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun.
Fè Rechèch	Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w pou rechèch nan domèn sante.
Obeyi lalwa	N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa leta oswa federal egzise sa, tankou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si l vle wè nou respekte lwa federal sou vi prive.
Abòde konpansasyon travayè yo, fè respekte lalwa, ak lòt demann gouvènman yo	Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w: <ul style="list-style-type: none">○ Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo○ Pou nou fè respekte lalwa oswa avèk yon ajan ki fè aplike lalwa○ Avèk ajans sipèvizon sante lalwa otorize○ Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo
Reponn sou pwosè ak aksyon legal	Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou si yon tribunal ta mande sa oswa lòs administratif legal , oswa pou reponn ak yon subpoena (manda)
Lwa sou deklarasyon Eta New York pou kèk kategori enfòmasyon	MetroPlusHealth dwe obeyi lòt lwa Nouyòk ki gen yon nivo pwoteksyon enfòmasyon pèsonèl pi wo, espesyalman enfòmasyon ki gen rapò ak kondisyon VIH/SIDA oswa tretman; sante mantal; twoub akoz dwòg; ak planifikasyon familyal.

rès la nan pwochen paj la

Responsabilite nou yo.

- Lalwa ekzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante pwoteje ou yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si yon vyolasyon fèt ki ka gen move konsekans sou vi prive oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe suiv obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi ladan l.

Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w lòt fason ki pa dekri la a sof si ou ekri nou pou w di nou ka fè sa. Si w di nou nou kapab, ou ka chanje ide nenpòt lè. Ekri nou pou w fè nou konnen si w chanje ide.

Pou plis enfòmasyon ale sou:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Chanjman nan kondisyon ki nan Avi sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, e chanjman yo pral aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, sou sit entènèt nou an, epi n ap voye yon kopi ba ou.

Avi sa anvigè apati 19 Jiyè 2022.

Enfòmasyon pou kontakte Ofisye Konfidansyalite


Si w gen kesyon sou pratik sou vi prive nou yo, oswa si ou vle pote yon plent oswa aplike dwa ki dekri pi wo yo, tanpri kontakte:

**Sèvis Kliyan - MetroPlus Health Plan
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004**

- **Telefòn Jeneral** 1-800-303-9626, 7 jou pa semèn, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **Manm Medicare:** 1-866-986-0356, 7 jou pa semèn, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **TTY:** 711
- **Imel:** PrivacyOfficer@metroplus.org



50 Water St., 7th Floor • New York, NY 10004



MetroPlusHealth Customer Services:

📞 **800.303.9626 (TTY: 711)**
After Hours: 800.442.2560

✉️ metroplus.org

⌚ **Hours Of Operation:**
Monday to Friday, 8am - 8pm |
Saturday, 9am - 5pm